

Kouman Mwen Ka Gen Viktwa?
63-0825M
Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Ann bese tèt nou pou lapriyè.

Papa nou, nou remèsye Ou, maten an, pou gran tan sa a nou genyen pou reyini ansanm ankò, epi pou louvri Pawòl Seyè a, mete L la devan nou. E—e ak lapriyè kounye a, pou Sentespri a pran sa ki se Bondye, epi remèt Li ban nou, pou nou ka kite plas adorasyon sa a jodi a ak kè kontan plen ak lajwa. Lè n ap gade gran pwisans delivrans Ou, Seyè, kijan li delivre kaptif yo epi li libere yo, li fè nou konnen “bagay ki te ye, sa ki la e ki gen pou vini”. E nou jis remèsye Ou pou bagay sa yo.

2 Nou priye pou W beni nou pandan n ap etidye Pawòl Ou kounye a ansanm. Epi lè nou kite, se pou sa ka di nan kè nou, pandan n ap mache sou wout la: “Kè nou te boule anndan nou pandan ke Li, Sentespri a, te pale avèk nou pandan nou te sou wout la.”

3 Beni chak minis jodi a, toupatou, sèvitè W yo ki kanpe pou sa a, Verite W la. Reponn priyè yo pou malad yo. Geri kò malad sila yo k ap souffri.

4 Seyè, nou mande W pou W ale nan mitan moun yo epi chèche semans predestine sa a, Seyè, epi mennen l tounen, yon fason kèlkonk, pou Limyè a ka briye sou chemen li, Seyè. Paske, nou kwè li vin fè ta, solèy la ap desann byen vit nan lwès la, epi byento alò “p ap gen tan ankò.” Tan an ak Letènite pral melanje ansanm lè Bondye ak pèp Li a va melanje ansanm. Epi nou priye, Bondye, ke, pou lè sa a, pou nou konte pami moun ki pral melanje ak Kris la, sa yo rele Lepouz la.

Ede nou, jodi a, pandan n ap prepare nou, san nou pa konnen sa demen pral pote, men nou pare pou nou resevwa nenpòt bagay, Seyè, toutotan ke nou konnen, sa Ou genyen pou nou. Nou pare pou resevwa li. Nou mande benediksyon sa a pou glwa Bondye, nan Non Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

5 Mwen te kontan sèten, maten an, lè m te antre epi m te wè moun yo te rasanble ansanm pou sèvis Seyè a. E n ap bay anons kounye a pou aswè a. Pral gen sèvis gerizon aswè a. Nou pral priye pou malad yo, aswè a. Sa gen kèk moman, yo...

6 Pandan m te antre, Billy, pitit gason m lan, te di m, li di: "Gen yon—yon mesye isit la, se jis yon pòv ki te kondui soti byen lwen. Epi li di: "Mwen—mwen mete l nan sal la, papa."

7 Mwen—mwen te rive byen ta yè swa, e—e mwen pa t rive etidye anpil sou sijè lekòl dimanch mwen te pral pale sou li a, maten an. Kifè, mwen te pran kèk ti nòt ke mwen te chwazi nan sa mwen te tandè kèk frè di, epi m te chwazi yon tèks nan sa, ki va on jan sèvi pou leson lekòl dimanch maten an; e pandan n ap prepare, epi pare pou sèvis aswè a.

8 Epi Billy di: "Gen yon nonm la ki malad." Li di: "Mwen—mwen—mwen ta swete ke w al wè l." Kifè, mwen te antre nan sal la menm lè a. Epi te gen yon frè ki te gen laj mwen ak madanm li ki te chita la. Epi Sentespri a te desann nan mitan nou nan sal la menm lè a.

9 Jis reflechi, jis lefè ke n mansyone sèvis gerizon, e li te La. Ou wè? E li te di frè sa a tou sa li te fè, ak sa li t ap fè, ak kisa ki te lakòz pwoblèm li, ak kote li soti, ak tout bagay sou li. Epi te gen yon gwo lonbraj nwa ki te pandye nan sal la. Alò li te kòmanse vin pi klè, pi klè, pi klè, e pi klè, lè sa a Sentespri a te pran kontwòl.

10 Kounye a, mwen panse mesye a nan...kèk kote dèyè a isit la kounye a. Li menm ak madanm li petèt pa ka antre nan bilding lan, men yo te di yo te pral rete, kanmenm, pou sèvis la. Yo soti yon kote, toupre Yakima, Washington, epi yo te kondui vin isit la. E li se yon minis Levanjil.

Men jis pou wè gras Bondye a la! Kote, nonm lan te entène e li te gen tretman ak tout bagay. Senespri a revele tout bagay sa yo. Lè, doktè yo ap eseye di pou fè tout sa yo te kapab, petèt, pou nonm lan, men sa jis te pran ti sèten touch sa ki soti kote Bondye, pou chanje sityasyon an. Tretman chòk se byen, men se kòm si tankou sa nou ta rele "tire avègleman," ou konnen. Ou menm, sa ka fè ou vin pi mal, ou wè, paske ou ta bliye tout sa ou te janm konnen, lè yo te

mete medikaman sa a nan ou. Men Seyè Bondye a, ala gras ak mizèrikòd Li bon! E menm anvan mwen te janm ofri yon mo lapriyè pou li, sa te deja fini. Ou wè? Sa jis te pran sèten bagay sa ki soti kote Bondye, sèten touch sa a, pou fè li.

Mwen pa ta dwe di sa. Wi. Mwen te voye je m gade, m te wè mesye a kounye a. Ebyen, mwen pa t konnen si ou t ap rive vin isi a jodi a, oswa non.

11 Laba nan peyi kote m te rete a, semèn sa a. Mwen—mwen—mwen renmen zanmi m yo laba a. Se yon ti vakans anvan gwo reyinyon sa yo, ou wè. E mwen tounen lakay mwen, pou m desann laba epi pou m al chase ekirèy ak frè sa yo. E fanmi sa a, fanmi sa yo, pito, ke m rete avèk yo laba a, yo sètènman bon moun. E nonm sa, se yon vrè frè, se vrè zanmi; yo ye.

E youn nan yo se yon gran amatè chen ki fè laches yo. E li gen yon pak plen ak yo laba. E—e mwen te wè pi bèl ti chen laba, yon ti chen piti, se te sa mwen rele, "mwatye yon chen an wotè epi de chen an longè," ou konnen, ki—ki t ap kouri nan alantou kay la laba. E mwen te panse : "O, la la, ala Jo ta renmen gen yon bagay konsa!"

12 E, natirèlman, laba nan Arizona, li pa t ap kapab sèvi avè l. Li t ap antre nan kaktis yo, epi sa t ap fini pou li. Kifè donk mwen te di tou : "Ou pa ka genyen l. Yo pa sèvi ak chen la a, nan pati sa a nan peyi a. Paske, yo, ebyen, yo jis pa t ap kapab sèvi ak yo. Yo t ap... tou, tan an, kondisyon peyi a ak kaktis, epi yo t ap touye yo." E alò, se vre, yon ti chen laba a, yon—yon lou, oswa yon bagay ta touye l, petèt, nenpòt kijan, si li ta soti.

13 Kifè donk nonm sa a te di m : "Ou mèt jis pran l." Men, mwen—mwen pa t kapab pran l. Mwen—mwen te apresye sa. M te aprann, se te youn nan chen li pi renmen yo.

14 E nonm sa a gen yon bèl ti madanm ak timoun piti. Epi lòt jou, li te kòmanse fè bak ak machin li an, e li te gen machin Oldsmobile sa a. E ti chen an sèlman longè sa apeprè, jis yon ti chen piti. Epi li te kondwi monte sou li drèt. Oldsmobile sa a te pase sou ti chen an, *isi* a sou do li, epi li kraze l, kote wòch yo ki nan antre kay la te jis pèse ti vant li la a, ou konnen. Epi—epi ti madanm lan, olye pou l kouri mennen ti chen an kay veterinè a... Natirèlman, veterinè a t ap jis fè l dòmi menm lè a, epi touye l. Ou wè?

Te gen yon lòt jenn gason avè m. E osito ke li te pwoche la, li di : "Si se te chen pa m, mwen t ap tire l." Li di: "Se tou. Kite l soufri konsa?"

15 Mwen di: "Ann pa tire l." Mwen di : "Ann tann yon ti kras."

M fè tout moun elwaye yo, epi m t al lapriyè pou li. Ti chen an swiv mwen sou galri a. Epi li, wi, li...Ou wè? "Kèlkeswa sa w mande a, lè w lapriyè, kwè ou resevwa l; ou va jwenn li, y a ba ou l." "Kèlkeswa bagay la." Sa se Seyè Bondye nou an, se pa vre? Li—Li admirab epi Li mèveye. E nou sètènman renmen Li, maten an; epi konte sou Li, e nou konnen...

16 Lòt jou a m te wè yon—yon vye koup, manman ak papa yon bon manm nan asanble kwayan sa—sa. Epi manman an se, o, mwen devine li prèske gen santan, epi papa a tou. Epi pandan anviwon douzan nonm sa a pa janm bouje; li jis lonje sou do l byen dwat. Oswa, li pa ka kouche sou kote, oswa anyen. Li lonje la depi douzan. Se jis lavyeyès. E manman an kounye a prèske gen laj li, mwen devine, prèske santan, e pòv vye bagay la jis prèske pèdi kontwòl mantal li. Li panse yon moun ap pran tout sa li genyen.

E mwen te gade nan...nan alantou tab la, vè nou tout, jèn kou granmoun, ki chita la. Epi mwen di : "Kote nou prale? Kisa n ap fè?" Epi dam mwen te rete lakay li a, se te manman l ak papa l. Epi mwen di : "Se nan direksyon sa a ou prale tou. Egzakteman, nou chak." Ou wè?

17 Jis reflechi sou sa, jis yon ti moman, anvan nou kòmanse leson nou an. Se la n ap dirije nou. Poukisa w ap lite? Pou w ka viv. Poukisa wap viv? Pou w ka mouri. Èske li pa t ap pi fou si nou pa t aksepte pwovizyon Bondye bay pou Lavi Etènèl? A kisa nou ta ka panse? Ki sa ki—sa ki ka nan tèt nou, ki ta atire atansyon nou lwen...vè nenpòt bagay? E si ou te posede yon santèn milyon dola, epi si ou te posede eta Indiana, oswa nenpòt lòt eta, oswa menm peyi a, oswa, osi lwen ke sa konsène, lemond antye?

Si w viv ase lontan, ou gen pou rive la tou. Ou wè? Epi konstaman, jou apre jou, chak fwa kè ou bat, w ap dirije w drèt vè sa. Ou wè? Ou menm, ou pa gen okenn chans pou w genyen. Ou sou bò moun k ap pèdi yo, epi, ou, ou dwe pèdi. Men sonje pwomès la, ke : "Sila ki va pèdi lavi l poutèt Mwen va rejwenn li." Kounye a, kisa ki ta pi bon trezò pou jwenn pase Lavi,

menmsi ou te jwenn lemonn antye pou ou? Men, si ou—si ou jwenn Lavi, ou jwenn pi gwo bagay ke yon moun ka jwenn. Mwen vle...

18 Mwen te gade sou bò gòch mwen, nan moman menm, epi mwen te wè yon lòt fwa ankò, yon lòt trofe gras Seyè a. Apeprè kèk semèn de sa, yo te rele m nan telefòn nan. Epi yon bon manm nan legliz sa a, oswa kò sa a... Mwen pa vle rele sa a tèlman kòm yon legliz. Mwen—mwen vle rele sa, sa...

Kòm mwen t ap pale ak kèk moun, yo te di : "Ebyen, nan ki legliz ou fè pati?"

Mwen di : "Mwen pa fè pati..."

"Nan ki denominasyon ou fè pati?"

Mwen di : "Okenn."

Li di : "Ebyen, nan kisa ou fè pati?"

Mwen di: "Yon Wayòm".

19 Yon Wayòm! "Epi nan yon sèl Lespri nou batize nan Wayòm sa a." Nan yon sèl Lespri, tout moun, nan Wayòm sa a! Jezi te di: "Priye pou Wayòm Ou an vini. Se pou volonte W fèt sou tè a, menm jan li ye nan Syèl la." Bon, Li te kanpe yon jou devan Mòn Transfigirasyon an, li te di : "An verite M ap di nou sa, kèk moun ki kanpe isit la, p ap goute lanmò, jiskaske yo wè Wayòm lan vini an pwisans." Se Sa ki te predi sou Mòn Transfigirasyon an, kòm nou t ap pale de sa. E Bib la di: "Wayòm Bondye a nan nou." Kidonk, se moun ki fè pati yon Wayòm ki deklare ke se pa lakay yo. Sa a se pa lakay nou. N ap tann Vini Wa a, ki pral vin etabli Wayòm lan.

20 Yo te rele m pou yon ka ijans, pou yon—yon ansyen frè ki te tankou yon papa pou mwen. Epi li...Mwen pa t konnen l pandan anpil tan, men mwen sonje jou mwen te mennen l isit la pou batèm dlo. E nonm lan pral byento gen katreven onzan. Epi bèl madanm li a te rele m, e li te yon enfimyè, li te di : "Li te gen yon arè kè konplè." Anplis de sa, li te gen...O, mwen rele...m pa sonje non an. Kriz kadyak. [Yon sè di: "Yon atak kè Kowonaryen." — Editè a.] Atak

kè kowonaryen. Mèsi. Atak kè kowonaryen, ak yon arè kè konplè. Doktè pa bay espwa, ditou. Nonm lan t ap mouri, e li te rele m.

21 E mwen te monte nan ti Ford mwen an, epi mwen te pran wout pou al Ohio a, osi vit ke mwen te kapab, e mwen pa t konnen, youn nan wou m yo pat aliye, sa ki t ap rache kawotchou a. Epi kifè, mwen te anwout pou al laba, mwen te soti nan yon estasyon sèvis, vè onzè, mwen te enkyete pou li, mwen—mwen renmen li. Epi mwen konnen, si—si li kontinye, si Seyè a tade, ebyen, pi bonè oswa pita, nou pral oblije separe youn ak lòt.

22 Men, kounye a, sa p ap deranje Anlèvman an. Ou wè? Non. Y ap vini an premye, alò. Yo privilejye, sa ki pati yo. Y ap vin an premye. Ou wè? Ou wè? "Nou menm ki vivan e ki rete, jouk lè Seyè a Vini an, nou p ap deranje oswa devanse sila yo ki andòmi yo. Twonpèt Bondye a pral sonnen; moun ki mouri nan Kris yo pral resisite an premye. Alò lè je nou wè byenneme nou yo, alò nou va chanje, nan yon moman, nan yon bat je, epi nou va anlve ansanm avèk yo." Ou wè? Moun ki ale an premye yo gen privilèj anwo moun k ap viv yo.

23 Lè m t ap soti nan estasyon sèvis la, jis a onzè, Sentespri a di m: "Pa enkyete w pou li. Ou pral ba l lamèn, nan lari a ankò, epi li pral vin nan legliz la," yon nonm katreven onzan, ki t ap mouri.

Lè m te rankontre madanm li ak moun ki pwòch li yo nan lopital Lima a, yo te pale m de kondisyon li. Mwen te antre, mwen te gade l la. Li di : "Men gen yon bagay etranj ki rive l." Li di: "Li—li te kòmanse chanje pou vin pi byen, a onzè." Ebyen, e mwen ta...Seyè a te montre moun yo anpil bagay, yo konnen ke mwen pa t jis di sa konsa. Paske, yo te di m an premye, "Li te kòmanse chanje." Yo te konnen m t ap di yo laverite.

24 Kidonk, dimanch pase, pandan m t ap antre nan kafeterya Blue Boar nan Louisville, kote mpanse anviwon katreven pousan nan asanble sa a rasanble dimanch aprèmidi, pou manje, ki moun mwen te wè k ap desann nan lari a? Mwen di nou, kè m te tranble lè m te wè Frè Dauch nou an t ap desann nan lari a, egzakteman sa Li te di m. Mwen te ba l lamèn, nan—nan lari a.

25 Alò mwen—mwen tounen isit la pou dènye dimanch swa e mwen te pale sou sijè inite a, sou *Tan Ak Siy Pou Inyon An*. Donk...Epi sa te fè sa rive, jis sa Li te di a. E men li isit la ki chita nan legliz la jodi a, jis isit la akote nou, kòm yon twofe nan gras Bondye a. Lè m te ba l lamen anba tant lan, tant oksijèn li te anba l la, mwen te di : “Frè Dauch , ou pral vin byen. Mwen pral wè ou nan legliz ankò. Sa, sa se MEN SA SEYÈ A DI.” Ou wè? Men li chita nan legliz la, isit la kounye a menm, Frè Dauch .

26 Si mwen pa twonpe m, minis mwen t ap pale a, sa gen kèk moman, Sentespri an te antre e li te revele tout bagay sa yo. Li di l ki jan sa te pase, Li di l sa l te fè; ki jan sa te rive, ki jan sa te rive, tout sa k ap fèt depi lè sa a, menm karaktè fanmi li, ak tout bagay sou sa. Epi Li di l, ke: "Sa fini." Epi minis la chita jis isit la, sou bò dwat la. Èske ou ta jis leve men ou, mesye? La, li menm ak madanm li, egzakteman, jis kounye a.

Men Frè Dauch ki chita, isit la kounye a. O, la la!

27 Èske se pa bèl bagay? “Bagay sa yo ki te la, ki la, e ki pral rive.” Youn, de, twa temwen. “Bagay ki te fèt la, sa ou te fè; bagay sa yo k ap pase kounye a; ak bagay ki pral rive yo.” Epi chak fwa, egzakteman, egzakteman sou Pawòl la. Se sèlman Bondye ki ka fè sa. O! Èske nou pa pi kontan pou bagay sa yo?

28 Kounye a, rezon ki fè m t ap pran jis yon ti tan anplis, Billy te oblije al chèche madanm li ak tibebe a. Epi li di: "Papi, pa kòmanse preche toutotan mwen poko tounen." Kidonk, mwen—mwen panse li tounen kounye a. E mwen ta dwe pran tan sa, de tout fason. E m ap eseye soti nan zafè pran kat èdtan sa yo ke mwen mete nou tout la isit la, epi redwi l a trantsenk, karant minit, ou wè, epi eseye kenbe li.

29 Bon, yo te fè kòmantè sou mwen yon fwa nan Chicago. Mwen te redwi predikasyon m lan a trant minit, oswa yon bagay konsa, trantsenk minit. E dimanch swa dènye mwen te pran sèlman karantsenk minit. Billy di : “Ou vrèman amelyore, papa. Mwen fyè de ou, pou sa.”

30 Ebyen, petèt, maten an, pou fè li yon ti jan lekòl dimanch, mwen p ap kenbe nou twò lontan. Alò ou ka soti epi pran manje midi ou, epi priye, epi tounen aswè a pou sèvis gerizon. Nou pral fòme yon liy lapriyè aswè a epi priye pou malad yo.

31 Kounye a, si nou konnen kèk moun ki ozalantou, nenpòt kote, ki malad epi ki vle ke yo priye pou yo, mennen yo la aswè a. Ou wè? Si nou oblije pote yo, nenpòt fason, mennen yo isit la. Ou wè? Sa a se bagay prensipal la, se, pote yo isit la aswè a. Nou tout rankontre ansanm. Fason sa a...Li difisil pou fè vizit, pou deplase de yon kote a yon lòt kote; alò si ou bliye yon moun, epi sa pwovoke move santiman. Men si mwen ka jwenn yo tout nan yon sèl kote, alò mwen ta ka priye pou yo. Kounye a, si w vle... Si moun yo vle yo priye pou yo, yo... Ou di: "Èske y ap fè l?" O, sètènman. Yo pral priye pou yo. Mennen yo vini. Si Seyè a vle, nou pral la, pou priye pou tout moun. Paske mwen santi ke twazyèm pull sa a kòmanse ap aji, ou wè, ann--anndan mwen. E mwen—mwen—mwen vle priye pou tout moun.

32 Kounye a, maten an, ann ale nan yon ansyen vèsè Lekriti ke nou konnen byen kote mwen te on jan pran nòt byen vit yè swa, mwen te gen dòmi, e mwen te ekri kèk lòt vèsè nan Lèzekriti pou ale avè l. E sa va yon jan de konpleman. Mwen te tandè kèk frè, yon fwa, sèvi ak tèks sa a. E mwen te panse...Mwen te pran nòt. Mwen te panse : "Ebyen, mwen kwè mwen pral ekri sa, paske li ta ka itil."

Anpil fwa nou fè sa. Mwen remake, anpil nan nou isit la, gen yon moso papyè. E yon minis ka ap di yon bagay, epi lè sa a ou pral—ou pral frape pwen sa a, yon bagay pral pase anndan ou. E lè sa si se Sentespri a k ap fè sa, alò ou pral kòmanse bati apati de pwen sa a menm kote a, yon mesaj pou Seyè a. E se trè byen. Mwen te remake nan reyinyon yo, kèlkeswa kote ou ale, jis predikatè ak moun k ap pran nòt. Se trè byen. Nou—nou la, se pou sa nou la, se pou nou eseye ede youn lòt sou wout sa yo.

33 E kounyeya, ann tounen nan Apokalips, 3yèm chapit la, nan laj legliz yo, repete sa ki di sou yon laj legliz. Men kounye a nou...nou...la. Wi. Mwen te kapab pran yon sèl tèks sa a, ak Sentespri a, preche sou Li pandan santan epi pa janm arive bay tout sa li kontni. Paske, nan yon sèl tèks sa a, menm jan ak tout lòt tèks nan Bib la, Tout lye ansanm.

E mwen vle pran sijè mwen an, maten an, nan sa a: *Kouman Mwen Ka Gen Viktwa?* Bon, mwen te chwazi sa a paske mwen panse ke se yon tan ke nou pa ta dwe janm kite Lespri revèy la mouri. Nou dwe kenbe revèy la nan nou, nou dwe toujou an revèy, chak jou. Pòl te di

li te dwe “mouri chak jou, pou Kris ka viv.” E nou pa dwe janm kite revèy sa a mouri, anndan nou.

Kounye a, Apokalips, 3yèm chapit la, epi kòmanse ak 21yèm vèsè a, nou li sa a.

Sila ki genyen batay la, m ap pèmèt li chita avè m nan twòn mwen an, menm jan mwen genyen batay la, epi mwen chita ansanm ak Papa m nan twòn li a.

Sila ki gen zòrèy, se pou l tande sa Lespri ap di legliz yo.

34 Èske nou te remake jan mo yo te byen aranje? Ou wè? "Chita avè M nan twòn Mwen an," pa "sou twòn Mwen an." "Nan twòn Mwen an," sa se nan domèn Li. Ou wè? Epi la, kòm--kòm Kris se Chèf, Chèf twòn sa nan moman sa a, nan domèn konplè Bondye a, se konsa Legliz la pral avèk Li, Lepouz la ap avèk Li, nan twòn Li a, nan tout domèn lan. Ou wè? Pa "sou Twòn Mwen an," men "nan twòn Mwen an," ou wè, kote domèn Li rive. Yon twòn etabli sou yon domèn, epi—epi yon domèn rive jis nan limit li yo. E sila etann li Detènite an Etènite. Jis panse a sa!

35 Kounye a, pandan n ap etidye sa a, objektif mwen nan sa a se pa jis vin isit la pou--pou kominye avèk nou. Alòske, mwen renmen fè sa. Men si—si m te gen yon chans pou m fè sa, m t ap vin lakay ou, m t ap ba w lanmen e m t ap pale avè w, m t ap chita, m t ap pran yon repa avè w; epi chita, anba lonbraj yon pye bwa, epi koze epi gen yon ti moman fratènite.

Men lè nou vin isit la, nou isit la pou yon objektif espesifik. Sa a se kay koreksyon an. Sa a se twòn lan. Sa a se twòn Bondye a, epi jijman konmanse nan kay Bondye a. Epi se isit la nou reyini ansanm, rasanble nan renmen, youn pou lòt, tankou Kretyen sèlman ka renmen. Men, isit la, nou—nou anba yon—yon—yon—yon kondwit Sentespri a. Sentespri a nan mitan nou. E nou isit la pou nou... pou nou fè egzamen nan mitan nou, pou nou wè ki kote mankman nou yo ye, enpèfeksyon nou yo, ak ki jan nou ka ratrape chimen kote nou ta dwe ye kounye a, ale kote nou ta dwe ye kounye a; kote nou ye, ak kote nou ta dwe ye. E se sa n ap etidye. Minis yo etidye kote sa yo, pou pèp yo. Lè yo wè sa pèp la manke, alò yo kòmanse travay sou sa.

36 Kounye a, byento, mwen panse ke legliz la petèt ta dwe pran jis yon ti etap pi wo nan moman sa a. Mwen pa planifye pou fè sa maten an, nan montre bagay sa yo. Men, mwen—mwen panse, pa two lontan, si Seyè a vle, anvan nou preche sou Twonpèt sa yo, mwen vle pou—pou—pote bay Legliz la jis yon bagay ke—ke nou ta dwe konnen, mwen kwè, kounye a.

37 E kounyeya n ap pale sou sa a, “venk.” Mo *venk* la, natirèlman, ou konnen sa li vle di. Ou dwe gen yon bagay pou w venk. Epi laj legliz sa a ke Sentespri a t ap pale isit la a, nan Laj Legliz Lawodise a, jan nou sot pase sou li a, te bezwen yon reprimand. Yo te dwe reprimande Lawodise, paske li diferan anvè Kris. Li te mete Kris deyò, nan—nan laj yo. E Kris te sou deyò a, ap eseye tounen anndan an. Sa se lanmou. Apre yo te fin mete L deyò nan Pwòp kay Li, Li t ap eseye tounen, Li di: “Moun ki va louvri pòt la, mwen va antre lakay li.” Ou wè? Legliz la, li menm, an antye, te mete L deyò.

38 Men kounye a, remake. Apèl Li a isit la se pa sèlman pou legliz la. “Sila ki genyen vikwa.” Ou wè? Se pa legliz la; se t ap li, ou wè, kò legliz la. Men se “silas ki genyen vikwa,” endividi ki va genyen vikwa a kounye a.

39 Lawodise te dwe jwenn sa l merite. Kounye a, nou wè, alò, nou konnen ke sa a se Laj Lawodise a, epi nou konnen ke laj sa a bezwen yon reprimande sevè nan men Bondye. Li bezwen yon reprimann sevè. E lè klèje nou an vin sitèlman mou epi ramoli, tankou yon vye granpapa pou pitit pitit li yo, tout sa yo fè se pafè. Epi yo...

40 Yo sitèlman di anpil, ke Bondye se tèlman yon Bondye ki bon, jiskaske yo eseye fè de Bondye jis yon gwo granpapa gato. Ou wè? Men Li pa sa. Li se yon Papa, e yon Papa jis, ki korije. E lanmou toujou korije. Ou wè? Lanmou korije. Kèlkeswa jan li fè mal, li toujou korije.

Yon manman reyèl ap korije pitit li yo. Yon papa reyèl ap korije. Ou wè? Si ou jis vin mou epi ramoli, epi kite...

41 Lòt jou mwen t ap travèse sou yon vye bout bwa, yon--yon ti kouran dlo, oswa sa yo rele yon ravin. E mwen te vole moute sou bout bwa a. Sou deyò a, li te sanble l bon, li te sanble ak yon gwo vye bwa ki sot nan yon pye beech. Men lè m te vole monte sou li, o, yon gwo

moso nan li sot tonbe. Li te reyèlman pouri epi ramoli. Mwen te di: "Se konsa Kretyen yo ap vin tounen." Yo mouri nan peche yo ak fot yo, depi tèlman lontan, jouk yo vin ramoli. Yo pa ka sipòte okenn pwa, ditou. Yo—yo pa konnen kisa venk vle di. E mwen kòmanse reflechi sou sijè sa a, lè sa a. Venk, se gade Lavi anndan w. Se paske lavi te soti nan bout bwa sa, se sa k te mennen l nan kondisyon sa a. Ou wè? E sa te fè l vin pi mal nèt lè li te rete la nan ravin lan kote k te gen dlo a.

42 E alò, la, pran yon Kretyen, ki sipoze yon Kretyen, kite Lavi Bondye soti nan li, ak eksperyans lan, lajwa sèvi Kris la; epi, k ap viv nan yon legliz kote bagay sa yo ap pase, li pouri de fwa pi vit, se vre, poutèt l ap viv nan mitan tout bagay sa.

43 Kidonk, si n ap eseye suiv Mesaj pou lè a, oswa omwen pati sa a nan Mesaj la, nou ta dwe toujou viv nan lavi Kris la. Ou wè? Paske, si se pa sa, w ap trennen la, epi w konnen bagay sa yo ke w sipoze fè, epi w pa fè l, Bib la di : "Sila ki konnen pou l fè byen, epi ki pa fè l, li komèt yon peche." Alò ou vin ramoli, pouri, lè w separe w ak Lavi Bondye a. Kidonk, fè efò ak tout sa ki nan ou, pou w rete nan lavi Kris la, pou w ka pote fwi.

44 Nou wè laj sa a ke n ap viv ladan l lan. Se youn nan pi gran laj pami tout laj. Laj Legliz Lawodise sa a se pi gran nan tout laj legliz yo, paske se fen tan an ak melanj avèk Letènite. E, alò, se laj ki gen plis peche. Gen plis peche nan laj sa a ke pat janm genyen. Epi pwisans Satan yo anpil fwa pi difisil pou goumen kont yo pase jan li te ye nan nenpòt laj. Ou wè?

45 Laba, nan premye laj yo, yon kretyen te kapab, akòz deklarasyon li te fè pati legliz...ke li te pou Kris, yo te kapab koupe tèt li pou sa. Yo te ka touye l, epi mete fen nan soufrans li, epi li t al rankontre Bondye, byen vit.

Men kounye a lènmi an antre, nan non legliz, epi li tèlman twonpè. Sa a se gran laj sediksyon an. Lè Kris te di konsa : "De lespri yo t ap tèlman pre nan dènnye jou yo jiskaske li t ap twonpe moun ki te Eli yo si sa te posibil." Ou wè? Ou wè? Ou wè? Sonje byen, Kris te pale de yon pèp eli pou dènnye jou a. Ou wè? "Li ta twonpe Eli yo menm si li te posibil." Tèlman pwòch! Moun yo ka viv konsa, moun yo ka viv yon vi ki pwòp, ki sen; yo pa fè peche, yo pa

komèt adiltè, epi yo pa bwè, epi yo p ap bay manti, yo p ap jwe jwèt aza. Yo ka viv anwo tout bagay sa yo, e poutan yo pa gen Sa pou genyen an nan yo.

46 Sa a se—laj Lavi a, lavi pèsonèl Kris la, kote,—

konpoze chimik nan kò Li, sa ki te nan Li.

Premyèman, anba jistifikasyon, batèm nan dlo. Dezyèmman, anba Nouvèl Nesans la, de sanktifikasyon Wesley a, ki netwaye. Ak twazyèmman, anba batèm Sentespri an, mete veso sa a an sèvis. Ou wè? Mo *sanktifye* a vle di, se yon mo grèk konpoze ki vle di "netwaye epi mete a kote pou sèvis," mete a kote pou sèvis. Kounye a Sentespri an mete l an sèvis. Ou wè?

47 Epi n ap remake, "Lè move lespri a soti nan yon moun, li ale nan kote ki arid." Se egzakteman sa legliz la fè, Batis, Metodis, moun ki te kwè nan sanktifikasyon yo. Jezi te di: "Alò," "Move lespri ki te soti a, tounen nan kò legliz sa a epi li jwenn kay la dekore, pwòpte, k ap viv pwòp, lavi pwòp." Trè byen. "Men, lè sa a, si kay sa a pa ranpli, okipe, lè sa a, li antre ak sèt lòt move lespri ki pi mal pase l te ye a, kifè dènye eta nan kote sa a sèt fwa pi mal pase ke jan li te ye pou kòmanse a." Li t ap mye pou yo te rete Luteryen pase pou w resevwa Limyè sa a epi pa suiv Li. Se konsa, pentkotist yo pral fè, ou wè, ou konnen sa mwen vle di, kay la gani.

48 Pandan m t ap pale ak yon moun, lòt jou a, li te di: "Yo trè pridan, menm anpil nan gwoup sentete yo, pou yo pa rele Lespri Sen an, 'Sentespri,' paske yo idantifye tèt yo ak Pannkotis lè yo fè sa. Yo di: 'Lespri Sen,' ou wè, yo pa di: 'Sentespri.'" Paske, Pannkotis yo, moun pèp la, jis rele Li jan Bib la di a: "Sentespri". Poutan, Sentespri ak Lespri Sen se menm bagay la. Men, yo pran anpil prekosyon sou li. Yo pa vle idantifye tèt yo ak moun ki pale an lang yo; e se sa Sentespri a, Limenm. Ou wè?

Kisa ki te pase lè sa a? Lè lènmi an, ki soti anba sanktifikasyon, ki te lave, retounen epi li jwenn kay la pa ranpli ak Sentespri a, kounye a eta legliz sa jwenn avèk —avèk lig legliz yo, epi Konsèy Mondyal Legliz yo. Epi li se yon eta kounye a ki konekte li ak Katolik Women ak tout rès la, kidonk kounye a li sèt fwa pi mal pase lè li te soti nan Literyanis. Se la ke lòm mennen l.

49 Apre sa, gade nan Legliz Laj Lawodise apre li fin resevwa Sentespri a, ak konesans ak Lespri Bondye ki nan Li, epi apre sa, li refize zèv Bondye yo, epi yo rele L “yon zèv demonyak”. Alò kisa ki genyen? Se la ke yo mete Kris deyò nan Pwòp legliz Li a. Ou wè? Li...Li pa t janm montre Li nan legliz la jis rive nan Lawodise; epi Lè Li te rive Lawodise, yo te mete L deyò nan legliz Li a, L ap eseye retounen anndan.

50 Kounye a, ou wè, jistifikasyon pa t janm mete L anndan. Sanktifikasyon jis netwaye plas la pou Li. Men, lè batèm Sentespri a vini, li mete Li nan moun yo. Epi kounye a yo te mete L deyò, lè Li kòmanse montre Tèt Li, ke Li se menm bagay la yè, jodi a, ak pou tout tan. Yo te mete L deyò paske yo te fòme denominasyon, epi Lespri Senyè a pa dakò ak denominasyon yo. Ou konprann kounye a? Ke yo mete L deyò. "Nou pa vle gen okenn lyen ak bagay telepati sa a. Li dyabolik. Se vwayans. Oswa..." Ou wè?

Yo pa konprann. "Gen je, poutan yo pa ka wè; epi zòrèy, poutan yo pa ka tande." Ou wè? Bondye sèlman ouvri je jan Li vle. "Li andisi kè moun Li vle andisi, epi—epi—epi bay lavi a moun li vle." Se sa ke Ekriti a te di.

51 Kounye a, nou wè nan ki lè ke n ap viv, etap sa a, epi nou wè kisa li te ye. Answit Sentespri a ap reprimande laj ki te mete L deyò a. Men, nan tout sa, èske w remake, "Pou moun ki ranpòte laviktwa"? Menm nan laj legliz mondèn, mechan sa, "Sila a ki ranpòte laviktwa ."

52 Nou jwenn isit la ke Bondye te toujou genyen venkè. Li te genyen venkè nan chak laj. Toujou genyen, chak fwa, nan chak laj ki te gen sou tè a, Bondye te toujou gen yon moun Li te kapab itilize, tankou yon temwen sou tè a. Li pa t janm te rete san yon temwen, menm si papfa yon sèl. Men yon moun rive simonte, bon, tankou Sen nan tan lontan yo.

53 Epi yon—yon nonm debyen, yon entelektyèl, te di, apre Sèt So yo, li te di, "Frè Branham, ou se yon—yon tipis, pito yon tipològ," li te di, "Kijan egzakteman ou pral mete Legliz sa a nan Lanlèvmam san peryòd Tribilasyon an, nan yon tip?" Li te di...

Ou wè, si se yon tip, dwe genyen yon...dwe...Si gen yon antitip, fòk gen yon tip kote antitip sa a soti. epi tout sa mwen di, se vre, gen yon tip. Li gen yon tip. Ou gen yon lonbraj. Epi Bib la te di: "Bagay ansyen yo se te yon lonbraj bagay nouvell ki gen pou vini yo."

Li te di, "Men kounye a pran Ansyen Testaman an kòm yon lonbraj. Kounye a," li te di: "Kisa w pral fè ak Legliz sa a?"

54 Mesye sa a soti nan yon... Yon mesye briyan, yon gran pwofesè ki se yon bon zanmi m, vrèman yon bon moun, e li se yon frè adorab. Mwen—mwen pa ta oze di yon mo kont frè a. mwen pa t ap janm fè sa, de tout fason. Takjou—tankou yon... Kòm yon kretyen, mwen pa ta di anyen kont li. Li—li—li pa dakò avè m sou sijè sa a, men li—li se yon presye frè pou mwen. Nou manje ansanm. Epi, o, li se jis yon frè fòmidad. Mwen pran magazin li a, li atik li yo. Epi li ekri kèk nan pa mwen yo, elatriye. Apre sa, mwen te pran yon anpil tèks soti nan sa ke mwen-mwen te li-li nan atik li yo, nan bagay ke l te di. Li se yon mesye enkwayab, men li-li jis pa ka dakò ak mwen. Mwen apresye sa, senserite li. Pa kont li pa tankou kreten sa yo, ki santi yo oblije dakò ak tout sa ou di. Li genyen pwòp konviksyon li, epi li defann li. Mwen apresye sa. Epi li se yon bon moun. O, mwen—mwen pa yon pwofesè oswa yon savan, ditou, men nonm sa a se alafwa yon pwofesè ak yon entelektyèl.

55 Men, mwen—mwen pa ka dakò ak li, paske mwen pa wè sa. Men, sa pa konsène sali, li gen rapò ak Vini Senyè a. Li panse ke Legliz la gen pou ale nan peryòd Tribilasyon an, pou pirifikasyon. Mwen di San Jezikri te pirifye Legliz la. Ou wè? Li pa bezwen...

Mwen kwè ke legliz la prale nan peryòd tribilasyon an, òganizasyon legliz la, men pa Epouz la. Èske ou t ap chwazi yon fanm ke ou oblije pirifye anvan ou marye ak li? Ou wè? Epouz Kris la chwazi, epi Li eli. Epi Li se Epouz Bondye a, Epouz Jezi Kri.

56 Epi kounye a, li te di: "Ki jan w pral tipifye sa, si Epouz sa a ale, anlve anvan Li pase nan peryòd Tribilasyon an?" Li te di: "Mwen gen Ekriti ki montre w ke Legliz la nan Peryòd tribilasyon."

Mwen te di, "Jis li Sizyèm So a, se tou, ladann li anba peryòd Tribilasyon an. Men, konsatate jis anvan sa, Epouz la gentan ale depi lontan. Ou wè? Li nan Laglw nan moman sa a. Li pa gen pirifikasyon." Ou wè?

"Moun ki kwè nan mwen gen lavi Etènèl, epi li p ap vini nan kondanasyon oswa Jijman an, men li te pase soti nan lanmò a Lavi." Kris te pwomèt ke nou pa t ap menm kanpe nan Jijman an. Alò libreman li te pran plas mwen, jiskaske mwen absoliman lib. Lè mwen jwenn padon, mwen jwenn padon. Ki jan li ka pran m soti nan kay izirye a, mwen te resevwa yon resi klèman, si...Kijan li ka Redanmtè mwen, epi retire m nan kay izirye a , epi koutye a kontinye di mwen gen dèt pou li? Mwen te resevwa yon resi ekri, amèn, ou wè, ki te ekri pa San Jezikri. Ou wè? Kounye a, nan ka sa, isit la se la nou vini.

Li te di, "Kounye a, ki jan ou pral kapab, separe Epouz eli ke w mansyone a kounye a, ki jan ou pral mete Sa anba yon tip?"

57 Mwen di: "Trè byen." Mwen di, "Men li. Kounye a, nan Matye, 27yèm chapit la ak 51yèm vèsè a." Si nou...

Kite m jis li sa, epi answit nou—nou va byen konprann li. Alò , nou jwenn deyò kit li te tipifye ou pa, si se Epouz elu a. Matye, 27yèm chapit la ak—ak 51yèm vèsè a. Trè byen. Nou li sa a, lè Krisifiksyon Seyè nou an.

Epi, gade, rido tanp lan te chire soti anwo jouk anba;...

58 Kounye a, se te lalwa. Lalwa fini la. Paske, vwal la te separe kongregasyon an de atik sakre Bondye yo. Sèlman yon prèt wen te antre la, epi, sa, yon fwa pa ane. Sonje? Kounye a, Bondye, ak pwòp men L, remake, "soti anwo rive jis anba a," pa soti de anba pou rive anwo . Li gen apeprè karant pye wotè. Remake, pa soti anba rive anwo , men "soti de anwo jiska anba a," sa montre ke se Bondye ki te fè l. Chire vwal la an de, answit, nenpòt moun, nenpòt moun pral, ka vini epi patisipe nan sentete Li. Ou wè? Trè byen.

...soti anwo jouk anba; epi tè a te tranble, epi la wòch yo roule;

Epi tonm yo te louvri; ak anpil kò sen yo ki t ap dòmi yo leve,

Aprè rezirèksyon Li a, yo te soti nan tonm yo, yo te ale nan vil sen an, yo te parèt devan anpil moun.

59 Men Epouz sa a, Eli sa a. Tout legliz jwif la pa t soti nan moman sa a. Yo tout te fè menm sakrifis la. Yo tout te anba san mouton aspèje. Men te gen yon Gwoup eli; epi gwoup eli sa, osi vit ke evènman an rive, moun ki reyèlman kwè nan Li ak senserite. Kounye a m ap rive nan mo sa *Viktorye*. Kounye a, retni sa. Sa yo ki te vrèman viktorye yo, te fè sensèman menm ofrann ke rès yo menm, poutan, nan senserite, gen laviktwa sou bagay yo ki nan lemonn. Lè propisasyon an te fèt kòrèkteman pou yo, yo te nan paradi jiskaske pla-...tan sa a. Lè tan sa a te rive, yo te gen laviktwa epi yo t ap repoze, yo t ap dòmi; ou wè, "anpil kò moun ki t ap dòmi nan pousyè tè," ou wè, dòmi.

60 Kounye a, si nou te gen tan, nou ta ka tounen al nan Danyèl, lè, Danyèl, ki te yon elu ki te genyen laviktwa. Epi li te di: "Fèmen liv la. Danyèl, paske w ap repoze nan pòsyon pa w la. Men, lè Prens la va vini,

ki va kanpe pou pèp la, ou va kanpe nan pòsyon tè sa a." Vwala. Danyèl, pwofèt Bondye sa a, te wè tan lafen an ap vini. Epi li te di: "Danyèl, ou pral kanpe nan pòsyon tè pa w la nan jou sa a." Epi li te isit la, avanse soti; pa tout pèp Izrayèl la, men Epouz-tip pèp Izrayèl la. Kounye a, rès Pèp Izrayèl la pa soti jiskaske rezirèksyon jeneral la.

61 Epi kounye a, lè Senyè Jezi a ap vini, moun ki vrèman renmen Vini Li an , k ap viv pou Li; lè Li parèt nan syèl la, Legliz ki mouri nan Kris la pral leve, e yo pral chanje yon ti moman. Rès yo p ap konnen anyen sou sa. Sonje, "Yo te parèt devan moun ki nan vil la." Ou wè? Anlèvman pral konsa tou. Nou pral wè youn lòt, epi nou pral wè yo menm. Rès moun nan monn lan p ap wè yo. Li pral anlve tankou yon depa sekre. N ap tann moman sa!

Aprè sa, n ap retounen sou tè a pou bèl Milenyòm sa a, answit , mil ane yo... "Rès mò yo pa p viv pandan mil ane."

62 Aprè sa, rezirèksyon jeneral la te vini, kote, tout pèp Izrayèl la... Epitou, gade la, douz apot yo, douz patriyach yo, tout reprezante. Epi nou poko janm rive nan sa toujou. Petèt, Seyè si pèmèt, nou pral jwenn li nan Testaman an, kijan ke miray sa yo an pyè jasp, ak douz wòch, douz pòtay, douz fondasyon, tout sa ke yo te reprezante. Men yo sou douz fotèy, zanj-mesaje nan epòk sa yo, pou jije moun ki te rejte mesaj yo. Amèn. Men gran lè sa ap vini . Wi.

63 Ala yon jou, ala yon tan n ap viv! Kijan ke nou ta dwe tcheke, Legliz. Kounye a, nou pale sou bagay sa yo k ap vini, ki pral vini. Kounye a, jodi a, ann kanpe isit la epi wè, tcheke tèt nou epi wè si nou kòrèk nan Lafwa.

64 Kounye a, ann pale de kèk venkè pandan kèk minit, nan jou Epòk Noye a, ki te tipifye pa Jezikri, ke li te tankou jodi a.

Mwen sipoze ou gen dis minit. Koulye a, mwen pral pran trant minit. Mwen fèk kòmanse, premye paj la. Mwen pral sote kèk nan yo, si mwen kapab, epi jwenn sa ...

65 Nan epòk Noye a, ki tipifye tan jodi a: Jezi te fè referans ak li, epi li di: "Jan sa te ye nan tan Noye a, se konsa sa pral ye lè tan Vini Fis de lòm nan. Nan epòk Noye a, se konsa sa pral rive lè Fis de lòm nan ap vini an." Remake, te gen tout mond antedilivyen sa a, petèt plizyè milyon moun, te gen uit venkè. Uit moun te gen laviktwa, se te vrè, venkè otantik. Te gen twa pitit gason Noe yo ak madanm yo, epi Noe ak madanm li. Uit venkè, ki te antre nan lach nan moman apwopriye a. Kijan yo te fè sa? Yo te koute Pawòl Bondye a. Yo pa t rete deyò pòt la. Yo te rete andedan pòt la.

66 O, zanmi byenneme yo, pa kite pòt sa fèmen. Jezi te di, "Jan li te ye nan jou sa a, se konsa sa pral rive lè Fis de lòm nan ap vini an." (Mèsi, frè m.) "Se konsa sa pral rive lè Fis de lòm nan ap vini." Kounye a, gen yon moun ki pral rete deyò pòt sa a. Anpil nan yo te ka gen bòn entansyon, konsa, "Yon jou, si bagay sa yo rive, nou pral antre ak frè Noe, paske li se yon bon moun." Men, ou wè, li te jwenn jis uit andedan.

67 Kounye a, reflechi byen kounye a. Si w kouche, w ap dekredi, antre. Prese, vit, paske pòt la ka fèmen nenpòt ki lè.

68 Epi te toujou gen yon lach nan ekonomi Bondye a. Te gen yon lach nan epòk Noe a, pou sove pèp li a. Te gen yon lach nan jou lalwa a, lach temwayaj. Nan epòk lalwa a, yo te swiv lach la.

Epi gen yon twazyèm dispansasyon kounye a; tankou epòk Noye a, nan tan Lòt la, epi kounye a nan tan sa a. Gen yon lach kounye a. Epi lach sa pa yon denominasyon, ni se pa yon bon zèv ou fè. Se "pa yon Lespri," Women 8:1, "nou tout batize nan yon sèl kò, nan domèn Wayòm sa a, yon sèl batèm Espirityèl." Pe enpòt kijan w bon, kijan w move, kèlkeswa sa, ou nan Wayòm sa a pa—pa batèm nan Sentespri. Ou wè? Se sèl fason ou gen laviktwa. Tout sa yo ki anba San ki te koule a gen laviktwa, paske ou pa ka venk ou menm. Se li menm ki venk pou ou. W ap repoze.

69 "Ki jan m ap fè konnen, Frè Branham, ke mwen La?"

Gade ki kalite lavi w ap viv. Jis gade alantou. Gade si li jis soti nan ou, otomatikman. Oswa, si ou oblije tire epi rale, ou wè, Lè sa a, w ap fè li ou menm. Men, pa eseye fè li. Èske w te eseye deja? Wi. Pa fè sa.

70 Se menm jan pou mete bra yon ti bebe nan twou yon manch, ou wè. Li jis moute, desann, anlè, elatriye. Ou wè? Li pa ka fè li. "Mete rad ou, cheri." Li pa ka fè sa. Leve ti bra l, desann, alantou. Li pran men ou ki fèm.

O, ala kontan mwen, mwen ka jis lage men m bay Papa, di, "Senyè Jezi, mwen pa ka antre Ladann. Ou menm ede m. Mete rad la sou mwen." Mwen sispann eseye. Jis kite L fè li. Ou wè?

71 Si ti bebe a kontinye eseye, "O, mwen ka fè li. Mwen ka fe l." Epi li jis toupatou. Li pa ka fè li.

Ni ou menm pa kapab, ni mwen pa kapab, men si nou jis rete trankil epi kite Li fè li. Jis lage nou ba Li, "Men, Seyè, isit la mwen ye. Jis-jis kite m pa gen anyen. Mwen—mwen sede. Mete men m nan bon kote." Sa se laviktwa. Sa se gen laviktwa.

72 Bagay ou dwe venk la se tèt ou, lide ou, koze ou,

epi remèt tèt ou ba Li. Li venk pou ou. Li konnen chemen an nou pa konnen l.

73 Men, nan tan Noye a, te gen uit venkè, e se sa yo ki te antre. Yo te rete anndan. Kounye a gade, zanmi. Mwen kwè y ap tape sa a. Men, si li sou televizyon, oswa pa tel-... eskize m, sou band. Kèlkeswa sa ou fè, moun k ap koute kounye a, oswa moun ki pral koute apre sa, lè a trè avanse, e ou gen bon entansyon, men ou dwe rete andedan. Kounye a, pa lite. "Se pa moun ki vle, oswa moun ki kouri, men Bondye." Jis kite Bondye. Jis lage tèt ou ba Li epi kontinye mache, avèk yon lafwa pafè, ki satisfè, ke, "Sa Bondye te pwomèt li kapab akonpli." Pa rantre nan yon denominasyon aprè yon lòt denominasyon, kouri *isit la*, oswa *lòt la*, ap eseye sa. Jis lage tèt ou bay Bondye, epi mache avèk Li, anpè, trankil, san entèwonp. Jis kontinye mache avèk li. Se vre.

74 Se sa m te di frè nou an ki te fèk fè depresyon an.

Ou wè? "Jis renmèt ou ba li. Li la, Li menm ki konnen sa ou te fè, epi sa ki lakòz ou konsa ak aji nan fason sa, ensi deswit. Li konnen tout bagay de ou, e kounye a, Li fèk di ou sa pou fè. Kounye a," mwen te di, "sèl bagay ou dwe fè se jis ale fè li. Ki vle di, bliye tout bagay pase yo, mache devan, viv pou lavni, nan Lagwa ak Prezans Bondye."

Uit venkè.

75 Nan epòk Danyèl la, te gen kat venkè ki te kapab sipòte tès dife ak lyon. Kounye a, nou antisipe nou dwe teste. Sa se yon bon leson pou frè mwen an laba a tou. "Moun ki vin jwenn Bondye dwe teste anvan." Teste (kisa?) ak Pawòl la. Sa se tès Bondye. Ou kwè sa? "Sila ki vin jwenn Bondye dwe teste." Sa sèlman montre yon vre pitit, lè sa a, ou wè, pase tès. Epi lè tès la vini... Ou pa ka venk sof si yo ba ou yon tès. Epi lè yo bay tès la, se pou wè si ou ka venk ou pa. Apre sa, Jezi te di, "Pou moun ki gen laviktwa," la tès. Tès la se pi gwo bagay ki te janm rive ou. mwen kwe Pyè te di nan Ekriti a: "Eprèw nou yo gen plis valè pou nou pase lò ki presye." Se yon tan pou tès. Se yon bon prèv pou nou ke Bondye avèk nou, lè nou teste, paske tout pitit Bondye yo dwe teste epi eseye.

76 Danyèl, yon nonm, yon pwofèt; Chadrak; Mechak; ak Abèdnego; Danyèl se te pwofèt la; e se te gwosè Legliz la nan jou sa a, Mwen vle di, Epouz la. Genyen anpil legliz, anviwon de milyon ladan yo laba a. Men, te gen... Se te gwosè venkè a. Apre sa, moun ki te gen laviktwa te resevwa yon tes. E tout venkè dwe resevwa yon tès. Epi lè yo te di, "Renye sa Pawòl la di a, oubyen y ap jete yo nan gwo founo dife a," yo te refize anyen dot ke Pawòl la.

77 Epi lè yo te teste Danyèl, pou I te renye sa Pawòl la te di, ke yo dwe ajenouye nan direksyon tanp lan, tankou Salomon te lapriyè, epi li ta delivre yo anba tout bagay, Bondye ta tandè soti nan Syèl la si yo ta gade nan direksyon tanp lan epi lapriyè, epi li te di, “Si yon moun priye pandan kantite jou sa yo, òr nou se Medo-pèrs, ki pa ka chanje oswa modifye lwa nou yo, n ap jete nonm sa a nan fos lyon yo,” yo te pare yon pyèj pou li, li, mwen kwè pwofèt sa a te konnen sa, ke yo te pare yon pyèj pou li, li te mache avèk imilite, lè moman te rive lè pou li priye, kote, li te konnen, nan tanp la Nan Jerizalèm, te gen yon sakrifis k ap boule sou lotèl la, Danyèl pa t pè espyon yo.

78 Li leve rido yo, li te ouvri fenèt yo, li mete ajenou, li leve men I anlè bay Bondye epi lapriyè. Poukisa? Vivan oswa mouri, li te genyen laviktwa. Epi, kidonk, li si tèlman gen laviktwa jouk lyon yo pa t kapab manje li. Li—li gen laviktwa.

79...Chadrak, Mechak, Abèdnego te si tèlman gen laviktwa jiskaske lyon an... jiskaske dife a pa t ka boule I. Ou konnen, laviktwa se yon bagay ki difisil pou boule, oswa manje, oswa nenpòt bagay. Ou wè? Se konsa, yo, yo te genyen li.

80 Mwen ta ka mansyone yon lòt karaktè. Nan epòk Lòt, Jezi te refere a li, te gen sèlman twa ki te gen laviktwa, Lòt ak de pitit fi li yo. Pa menm madanm li; pa t venk. Li—li te kòmanse soti. Li se yon tip. M swete nou te gen tan. Trant minit mwen an fini kounye a. Ou wè? Ou wè? Li, li te fè byen, li te ale.

81 Kounye a, mwen dwe pataje sa avè w, jis yon ti moman. Anpil nan nou te ale, tou. Anpil nan nou te kite bagay sa yo, pou pran pozisyon ou, apre ou chèche Li atravè Ekriti a epi ou jwenn li kòrèk. Ou te wè jistifikasyon Bondye Toupwisan an; pa atravè kèk bagay, sa yon moun *te di* se yon konfimasyon. Sa Bib la te di li t ap ye, epi isit la Li ap fè sa. Ou te wè se Laverite . Se konsa, ou te soti deyò, kite Sodòm, kite denominasyon an, kite bagay ki mare w ak yon kredo; epi swiv Kris, pa Sentespri a ki jistifye Tèt Li pa Pawòl ekri Bondye a. Otreman di, ou te pran Bib la olye de yon kredo. Ou soti deyò, pou swiv.

82 Ebyen, madanm Lòt te fè menm bagay la, ou konnen. Li pati, ale avèk Lòt, swiv mari I, pitit li yo, byenneme li yo, men sa pa t nan kè li. Li te toujou renmen mond lan. Se konsa, li posib pou ou kòmanse, epi toujou gen mond lan nan ou. Ou wè? Li pa t janm venk. E menm si li te byen sou wout la, finalman sa te ranvèse li. Li te santi bezwen pou li pran sa yon sèl gwo, long, dènye kout je. Se la ke li te siprann. Pa menm gade dèyè. Pa gen okenn dezi. Kontinye mache. Mete lide ou sou Kalvè epi kontinye avanse nan direksyon Kris. Ou wè? Ou wè?

83 Li te kòmanse, kòm yon venkè, men li pat janm gen laviktwa. O, li te kite denominasyon an. Li te fè sa. Li te soti Sodòm, ak Lòt. Men, li te vle tounen epi koupe cheve l. Ou konnen kisa Mwen vle di a. Ou wè? Li te oblije tounen. Li jis pa t kapab sipòte-tès la. Li te oblije gade dèyè ankò, pou l wè sa rès moun yo t ap fè. "O, ou konnen, mwen te gen kèk bon zanmi anba a, apre tout. Epi, apre tou, se petèt yon ti mouvman toupiti. Mwen pa konnen si li ta kab kòrèk ou pa. Mwen—mwen te gen sèlman mo mesye sa a pou li, menm si se te mari m. Men, poutan..." Pastè w se mari w, nan domèn esprityèl, ou wè. "Kounye a, mwen pa konnen si li ta ka bon ou pa. Petèt, revelasyon li a pa t bon."

Alò, si ou pa satisfè pafètman, ou pa konnen pafètman ke Se Pawòl Bondye a, kidonk-kidonk, ou pa ka ale. Ou wè? Ou dwe reyèlman konvenki. Ou dwe konnen. Pa jis di, "Oke, mwen wè lòt moun yo fè li. Mwen wè yon siy."

84 Ou konnen, Izrayèl te kòmanse, mwen ta kapab di menm bagay la epi ramne l nan isit la. Yo te kòmanse soti, de milyon tou won, epi yo te fini avèk de gason. Egzak. Yo te wè zèv Bondye yo. Yo te wè manifestasyon Lespri a. Yo te wè gwo mirak pwisan ki t ap fèt nan Lejip, ak tout bagay, epi li te kòmanse soti. Men, li-li pa t nan kè yo. Yo pa t venk. Yo jis soti. Epi Jezi te di: "Epi yo tout te peri nan dezè a," epi yo mouri etènèlman. "Chak grenn nan yo mouri," sa vle di separasyon Etènèl. Chak grenn nan yo pouri nan dezè a.

85 Men, te gen de gason, Jozye ak Kalèb. Men, lè moman konfwontasyon an rive, obstak yo te tèlman gwo jiskaske yo te sanble ak ti krikèt bò kote yo. Jozye te kriye ak Kalèb, li te di: "Nou ka fè sa depase." Poukisa? "Bondye te di sa." Epi yo te venkè. Yo venk. Se yo menm ki te privilejye, soti nan mitan tout gwo òganizasyon moun sa yo, pou pran Epouz reyèl, elu a nan peyi pwomès la. Jozye ak Kalèb nan premyè liy laba a, kòm de jeneral yo, mennen yo dirèk nan larivyè Lefrat la, ak janbe lòt la larivyè a, epi travèse rivyè a, ale nan peyi pwomès la. Poukisa? Yo te kwè Pawòl la, an depi de tou.

86 Apre sa, Datan leve. Datan pito, te leve, epi Kore te fè sa tou. epi yo te eseye di, "Nonm sa a ap eseye fè tèt li pi wo a pase nou tout; li pi sen pase tout rès pèp la." Apre Bondye te fin byen konfime nonm lan. Yo te di, "Nou pral jis kòmanse yon gwoup moun epi nou pral fè *sesi, sela*, oswa *lòt* la, epi nou pral fè òganizasyon nou yo, nou pral fè..." Epi yo te mouri epi yo te peri.

Men mesye sa yo te gen Pawòl Senyè a, epi yo te rete avè l, epi yo te kontinye.

"Se pa moun ki kòmanse; se moun ki fini." Anpil kòmanse kous la, men gen youn ki fini li. Pral gen anpil legliz ki kòmanse, anpil gwoup moun. Pral gen yon sèl gwoup ki fini. Sa se venkè yo.

87 Jou Lòt la, wi, li te dwe jete yon gwo, lon rega dèyè. "O, mwen kite Entèl-Entèl laba a, bèl moman nou te konn pase. Mwen pa p janm bliye li." Epi yo te kenbe l, yo te fèmen l deyò, tankou sa te ye nan epòk Noye a. Li te fèmen deyò, san pitye, epi li te peri. Epi boul la toujou kanpe jouk jodi a. Yo pretann sa (mwen pa konnen) ou ta kapab kase yon moso nan li epi li t ap repouse ankò, yon kolòn sèl. Ou wè foto sa a deja de *Sodòm ak Gomò*, ou pral wè kolòn sèl orijinal la ki kanpe la.

88 Kounye a, gen yon diferans ant yon kolòn sèl ak yon kolòn dife. Ou wè? Fòk ou vire nan yon sans inik. Ya.

89 Remake, nan tan Jan Batis la. Nan tan Jan Batis la, te gen sis ki te te pote viktwa. Nan tout laj, yo te gen dè venkè. Nan tan Jan an, yo te sis, se te Jozèf ak Mari, Zakari ak Elizabèt, Simeyon ak Ann. Yon gason ak yon fanm, yon gason ak yon fanm, yon gason ak yon fanm; wè, yon tip Kris la, Legliz la; Kris, Legliz la; Kris, Legliz la; Kris, Legliz la. Ou wè? Ou wè?

90 Remake, li kòmanse apati de nonm natirèl la. Non-...Mo-...Jozef, nonm natirèl la, Joseph, kisa l te ye? Yon bòs chapant. Answit prèt la, kisa l te ye, wè? Yon minis nan kay Seyè a; Zakari. E sot la a, al nan Simeyon, yon pwofèt ak yon pwofèt. Ou wè?... ?...Jistikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a. Amèn. Ou pa wè l? [Asanble a di: "Amèn." — Ed.] Egzakteman. Sis gen viktwa. Tout rès yo, yo te ofri sakrifis ak tout bagay, men sa yo te Eli yo. Yo te gen viktwa.

91 Remake chak laj legliz. Menm viktwa a lè yo, chak pitit gason ki soti nan chak laj legliz, venk tantasyon epòk sa a. Mwen gen Ekriti yo la a. M pa panse ke n ap vrèman gen tan fini, men nou konn chak laj legliz yo. Menm jan kounye a. Se jis kouwè yon moun ki...

92 Gade, jan kem te di nan kòmansman an, ou fèt nan echèk. Epi nesans sa a pa janm ka mennen w nan—nan Lavi, paske ou fèt nan echèk. Epi w nan yon monn ki echwe, pami moun ki echwe, pami kredo ki echwe, yon bann denominasyon ki echew. Ou dwe jwenn yon fason pou gen viktwa.

93 Se jis tankou yon bèl ti flè lis. Kote ke... Yon flè lis, mwen panse, se youn nan pi bèl flè ki genyen. Mwen renmen anpil flè kala lis sa yo ak bèl flè lis letan. Mwen panse ke pa gen difisilman anyen ki pi bèl tankou yon gwo flè lis letan, ke yo rele flè lis nan dlo. Kouman ke l briye an ekla! Ebyen, ki kote l soti? Se yon ti semans, anba nan fon yon letan labou sal. Epi ti semans sa a, poutan, tout limyè ki pral janm klere nan li a, toujou ladann, depi lè l nan labou sa a. Men li gen pou fè efò, chak jou, li konnen ke gen yon bagay. Li tou nwa. Li sal. Li plen labou. Li plen limon. Nan limon sa a ke l ap viv ladan nan, poutan li fè wout li nan labou a, nan salte a, nan dlo sa yo, ak kote kowonpi sa yo, jiskaske l soti tèt li deyò, nan limyè a, epi fè soti sa k te kache tout tan anndann lan.

94 Mwen panse ke sa se yon venkè, ke, yon fwa ke w nan peche, yon fwa ou te fè bagay ki te mal, pa enkyete pou sa kounye a. Yon fwa ke w te fè bagay ki te mal la, apre sa, kounye a poukisa w tounen gade dèyè nan letan an ankò? Ou wè? Ou wè, ou gen...

95 Bondye, gras a predestinasyon Li a, ou wè, te bay semans sa a lavi, epi li fè chemen l, ou wè, pou l soti nan limyè a. Epi kounyeya, an plis de tou sa, li te gen viktwà. Ou wè? Li pa montre tèt li anba a. Li leve soti, pou montre tèt li. Ou menm tou, nan peche w— peche w, ak adiltè, e nan tout sa ke w te viv ladann la. Ou pa t demontre anyen. Men te gen yon semans la a, epi li te gen yon chans pou l te soti nan Limyè a. Epi kounyeya ou nan Prezans Jezikri, avèk Limyè Pitit Gason an. Li fè w soti sa ke w te reyèlman ye nan kòmansman an. Ou wè sa m vle di? Ou te wè limyè a. Ou fleri. Ou louvri kè w, epi kounye a ou se yon flè lis.

96 Ou sonje prèch mwen an sou flè lis la? Reveran flè lis, kijan li travay fò. "E, poutan, li pa fè filaj. Epoutan, Salomon, nan tout glwa li, pa t abiye tankou youn nan yo." Li—li—li—li—li...Gade l. Li pare pou li -... Li pa pran anyen pou limenm. Flè lis la pa fè ka de tèt li. kisa l fè? Li—li montre bote li, lavi li, pou lòt ka wè. Lavi li ekspoze, pou ke lòt moun ka wè glwa a, sa k nan li a, ki te nan li nan labou sa a. Kounye a li tout anwo. Sa a se venkè a. Li simonte labou a. Li venk bagay ki nan mond lan. Epi kounyeya, li bay tèt li gratis. Tout moun ka gade l. Lavi li, ou pa ka lonje yon dwèt sou li. Ou wè? Li se yon vrè venkè. Ou pa ka di anyen sou li kounye a. Yo ka di: "Li soti nan labou." Men li pa nan labou kounye a. Li anlè tèt li. Amèn. Kounye a ou pa ka montre sa l te ye. Ki sa l ye kounye a? Li anlè nèt.

97 Apre sa myèl la vini epi l di: "Sa se yon bon pafen. Mwen kwè ke m pral chache pa m."

98 Li jis louvri kè l', "Vini non kounye a. dakò." Yo pran tout bagay nan men li. Ou wè? Li se—li se yon vrè pastè. Li montre Laglwa Bondye. Epi gad kote l soti. Li te oblije gen viktwà, pou fè sa.

99 Yon fwa, li te jèn e l te bèl, li te mayifik. Yo te gen anpil tantasyon pou yo travèse, men yo simonte sa. Ou wè? Yo venk. Kounye a y ap demontre vrè bote Kris la nan lavi yo. Remake, ap demontre l, nan labou a.

100 Jezi te bann egzanp ki jan pou n fè sa. Koulye a, nou vle konnen ki jan pou venk. Jezi te di nou kijan pou nou fè sa. Ou wè? Imilite! Li mare ren l, li pran yon sèvyèt, li lave pye dispip yo, li siye yo. Bondye ki nan syèl la menm te imilye tèt li.

101 Nou pa vle yo imilye nou. Se rezon ki fè fanm yo pa vle kite cheve yo pouse, ou wè, rezon ki fè yo pa vle abiye tankou medam yo ta dwe abiye. Menm jan an, gason yo pa vle, ou wè, se menm bagay la. Yo pa vle. Yo—yo santi yo imilye. Men, Jezi, depi tout tan! Gad ki moun li te . Grandè! Mwen pral di yon bagay. Grandè imilye tèt li. Sa ki Gran an abese l. Grandè!

102 Mwen te gen privilèj pou m te, rankontre kèk granzòm. Epi se mesye sa yo ki te gen yon rad de rechanj, epi senkant kòb k ap sonnen, nan pòch yo, se moun sa a ki panse ke l se yon bagay lè ke l pa anyen. Men, mwen te kanpe bò kot de granzòm, mwen vle di dèzòm ekstraòdinè ak manch li anranyon, pwayè manch yo. Yo fè w panse ke se oumenm ki gran an. Ou wè? Grandè se imilye tèt ou. Pa bliye sa, Legliz. Grandè a ekspriye nan imilite, pa jan ke w kab montre w bon. Mwen pa vle di salte, kounye a. Mwen—mwen vle di enb nan lespri. Ou wè? Mwen pa vle di jis – soti san ke w pa menm benyen epi byen netwaye w. Sa, ou ta dwe fè sa. Ou konn sa. Ou wè? Men, m ap pale de imilite, imilite otantik, pa yon bagay atifisyèl. Yon bagay ki, se vrè imilite a.

103 Jezi te di nou ki jan pou n fè sa. Li te venk. Ki vle di...Viktorye vle di "simonte eprèv la," se vre, tankou tout anyen sen yo te fè; menm jan Jezi te fè: nan mitan tout ènmi li yo, li te

simonte eprèw la. Pou tout sa ke l te epwouve yo, li te fè prèw li. Devan menm maladi, e Limenm kòm Mesi a, li te geri yo. Devan lanmò, li te fè l retounen vivan. Devan kalvè, Pwòp lanmò L, li te venk li lè L rann tèt li. Se kisa? Pa Pawòl la. Li te di: "Ou detwi tanp sa a, epi m'ap leve l nan twa jou." Pawòl la te di sa. Ou wè? Epi nan prezans lanmò, Li te venk li. Li venk lanmò. Nan prezans lanfè a, li te venk li. Li te pote viktwa sou lanfè. Anfas tonm nan, li venk tonm nan. Ak kisa? Tout sa ak pawòl la, ak imilite. Oh, lala! Men vrè Nonm lan. Se li ki pou modèl ou. Ou wè? Li simonte tout bagay, venk li.

104 Gade. Li te gen Tantasyon. Ou konn sa? Men sa Bib la di: "Li te tante sou tout pwen tankou nou, poutan Li san peche." Li te tante pa—pa bwason. Li te tante pa fanm. Li te tante pa tout bagay ki ta ka tante. Li te tante pa tout sa ke nou ye. Li te yon Nonm, e poutan ou pa t kapab met yon mak sou li. Wi mesye.

105 Pran viktwa vle di "rekonèt dyab la nan chak trik li yo". Anpil moun di, "Pa gen okenn dyab. Se jis yon panse." Piga w kwè sa. Gen yon vrè dyab. Li osi reyèl menm jan avè m oswa nenpòt moun. Yon vrè demon, epi ou dwe rekonèt ke li reyèl. Ou dwe konnen ke l se yon demon. Alò, an menm tan ke w-ou rekonèt li, epi konnen ke l se yon demon e li kont ou, lè sa a, pou venk, ou dwe rekonèt ke Bondye ki nan ou a pi gran e pi pwisan pase l, ke Sila a ki nan ou a te deja venk li. Epi, pa gras Li, ou plis ke kapab pou kenbe tèt ak li. Amèn. Gen yon vrè viktwa, lè w rekonèt li.

106 Ou gade dèyè, ou di, "M ap fè si e m ap fè sa," lè sa a, non, ou—ou, ou pèdi batay la. "Men pa gen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezikri, ki mache non pa dapre lachè, men dapre Lespri Bondye a." Apre sa, ou reyalize ke w te venk. Epi w konnen ke li se yon demon. Ou pa kapab di: "Mwen te gen yon maladi, e mwen—mwen—mwen—mwen—mwen pa kwè se yon maladi. Oh, wi, se yon maladi. Ou gen kansè, ou "pa kwè se yon kansè." Se yon kansè. Se yon kansè. Men, sonje, "Moun ki nan ou pi gran pase sila ki nan monn nan." Ou dwe reyalize ke Lespri Sen ki nan ou an deja genyen batay sa a. Epi Li nan ou, epi ou ka venk pa li. Sa a egzakteman sansib, se egzakteman fason li nan Ekriti a. Venk! Fòk mwen depeche m. M te gen karanssenk minit kounye a. M ap vrèman fè lè sipleman tè kounye a.

107 Remake, venk! Bondye ki sa k nan ou a pi gran pase sila ki nan li a. Bondye monn nan pa osi gran ke Bondye ki nan syèl la, ki nan ou a, pa plis ke fènwa ka kanpe nan prezans limyè.

108 Kounye a, fènwa pa ka kanpe devan limyè. M pa fè ka kijan li fè nwa, limyè ap mete l deyò. Li pa ka rete. Glwa! Men, ou pran otan de fènwa ou vle, epi eseye mete l fas a limyè yon fwa, gade sa k pase. Se Sila ki nan ou a, ki se Limyè. Epi sila ki nan mond lan se fènwa. Kidonk, Limyè a pwouve ke l genyen batay la sou fènwa, epi nonm ki nan Kris la konnen ke l venk bagay ki nan monn nan. Amèn. Li pa gen okenn lyen ak ou, ditou. Ou lib e libè. "Mache nan limyè a, menm jan Limenm Li se limyè a, epi san Jezikri a netwaye nou de tout peche nou, epi nou gen kominyon youn ak lòt." Men kote w ye.

109 "Moun ki nan nou an pi gran pase moun ki nan monn nan." Koulye a, si w gade dèyè epi ou kondane w, Lè sa a, ou toujou nan mond lan. Men, si w ap viv pi wo ke sa, alòs, moun ki nan ou a te mennen w pi wo ke fènwa a. Tankou flè lis la, li anlè fènwa labou a. Li anlè fènwa dlo labou yo. Li nan limyè a, ap fè soti bèlte ke yo te mete nan li anvan ke l te kite labou a. Amèn.

110 Kounye a mwen—mwen santi m tankou kretyen k ap rele byen fò yo. Sa ke Bondye te mete la a, nan kòmansman an, li jwenn wout li nan, viktwa. Li venk koki a. Li venk labou a. Li venk dlo yo. Li te venk tout bagay, e li te yon venkè, e li te ekspoze bote ak Glwa Bondye.

111 Se konsa tout kwayan fè. Se konsa Noe te fè. Se konsa Lòt te fè. Se konsa. Gade nan ki dezòd li te ye. Se konsa Moyiz te fè. Se konsa Jozye te fè. Se konsa Danyèl te fè. Se konsa Chadrak, Mechak te fè sa. Se konsa Jan Batis te fè; Zakari, Elizabèt. Se konsa Simeyon, se konsa Ann, chak nan yo te fè l. Yo simonte labou ki te gen toutotou yo e ki te vlope yo. Soti tèt yo anlè bagay la, epi yo te fè la Glwa Bondye a briye. Se sa yon vrè kretyen fè.

112 Sonje byen, Jezi te montre L kijan sa fèt. Karant jou nan tantasyon, Li te tante pi wo pase nenpòt moun ki te janm ka tante, nan tantasyon Jezi Kris la. Gade. Li te montre nou kijan sa fèt. Koulye a, mwen pral klotire, jis nan kèk minit.

113 Gade. Li te montre nou kijan sa fèt. Ki jan li te fè l? Pa Pawòl la. Se konsa li te fè sa, paske Li te Pawòl la. Epi Jezi te di: "Si nou rete nan mwen, epi Pawòl mwen yo nan nou," ou retounen Pawòl ankò, Pawòl pwomès la. Ki sa Pawòl pwomès la ye pou chak kretyen? "Moun ki nan ou pi gran pase sila ki lan mond lan." Kidonk, ki jan pou m venk? Pa mwen menm, men Pawòl ki nan mwen an. Pawòl la se Bondye. Konsa mwen venk bagay ki nan monn nan, paske Pawòl la nan mwen. "Si nou rete nan mwen, Pawòl mwen yo nan nou, alòs jis mande sa nou vle." Jis kontinye avanse. Ou ap rive anlè tèt la, osi sèten ke nenpòt kisa l ye a. Ou wè? Ou fèt pou rive anlè nèt la.

114 Karant jou tantasyon L yo, Li te gen viktwa gras a Pawòl Bondye. Mwen vle di yon bagay isit la jis pou kèk minit. Satan te fè twa gwo atak sou li nan tantasyon sa a. Ou wè. Se toujou nan zafè twa sa a. Pa bliye l. Ou wè? Li te fè twa gwo atak, soti nan pi wo a rive nan pi ba a. Li te fè tout sa l kapab pou l konkeri L. Men Li te Pawòl la. Amèn. Ki sa Li te itilize? Li menm, Pawòl la. Twa gwo atak oswa agresyon Satan te fè sou li yo, men li te rankontre ak Pawòl la. Chak atak, Li te kab kontrekare L ak Pawòl la. Siveye sa a kounye a, soti nan pi wo a rive pi ba a.

115 Premye atake li te fè a, se pou L te itilize gwo pouvwa L la. Limenm, Li te konnen ke L te Pawòl la. Li te konnen pozisyon L. Ou kwè L te konnen l? [Asanble a di: "Amèn." — Ed.] "Mwen menm, Fis de Lòm nan". Li te konnen pozisyon Li. Epi Satan vini e l te vle li sèvi ak pwòp pouvwa L sou Limenm, pou l manje, li vle pou L bay tèt li manje. Li te grangou. Yon nonm ki grangou, li ka fè prèske tout bagay. Li pral vòlè, piye, mande, prete, nenpòt bagay. Ou wè? Li te gen apeti sa a. Epi Satan te sèvi ak premye gwo manman atak li a sou li, pou l te pran pouvwa ke yo te ba li pou l venk la epi sèvi avè l sou Limenm. Li pa t sèvi ak li sou Limenm. Non. Li te itilize l sou lòt moun. Se vre. Li te itilize li sou lòt moun, pa sou Limenm. Se pa t pou li. Menm si, Li te kapab fè l. Li sètènman te kapab fè l.

116 Men gad ki jan dyab la aji? Dyab la vle w tandè l. Limenm te vle tandè sèlman sa Papa a te di fè. Se vre. Li te di, "se kisa," Satan te di, "li te ekri, 'Li ta bay zanj yo lòd...'"

117 Li te di: "Wi, men li te ekri tou..." Ou wè? Men kote w ye. Ou wè? Li te konn ki moun Li te ye. Satan te... Panse a te al pi fon pase sa Li te ekri a. Ou wè? Se enspirasyon. Nwayo a se andedan Li ye, ou wè, kisa L vrèman ye.

118 Kwake Li te kapab fè l, Li pa t fè l. Men, Li—Li pa t janm pote atansyon a pwopozisyon Satan an. Koulye a, men yon bon bagay. Ou wè? Kèk fwa Satan ka pran w, epi lè w panse ke w ap fè volonte Bondye, ebyen li ka fè ou yon pwopozisyon, ou pral pran nan kou a. Wi mesye. Se sèten ke l kapab.

119 Kounye a, annou jis pran, pa egzanzp, tankou sè nou yo. Yo bèl. Epi li ka mennen w yon kote, ke, ou kite cheve w pou, ou pa t reyalye ke l te tèlman fè w byen, epi, premye bagay ou konnen, ou santi w ti jan enpòtan, yon ti kras pi wo lòt bagay yo. Kèk nan nou mesye, nou konnen sa m vle di a. Ou wè? Apre sa, li ka pran menm bagay sa a e fè w yon pwopozisyon avè l. Se vre. Ou wè. Ou dwe venk sa. Jis raple w, w ap viv pou Bondye. Ou gen yon sèl objektif, e se Jezi Kris la. Andeyò de sa, pa gen anyen lòt ki konte. Se Limenm. Answit, dezyèmman, pou fanmi ou. Apre, twazyèmman, pou Oumenm. Men, anpremye, pou Bondye; apre, pou fanmi w; e pwochen an, pou ou. Ou se nimewo twa; sa a se nan fen wout la. Mete tèt ou an dènye; Li te fè l.

120 Gad sa l te kab fè. Li te di: "Mwen te kapab rele Papa m, pale avè l, li ta voye douz rejiman zanj pou mwen touswit." Lè ke, youn nan yo te kab detwi mond lan. Li te di: "Si Wayòm Mwen an te monn sa a, alò, sèvitè m m yo ta batay pou mwen. Men, wayòm mwen an se anwo." Men kote w ye. Ou wè? Li te kab fè sa, men Li pa t fè l. Ou wè? Kwake, li te kab fè l. Li pa t janm koute pwopozisyon Satan an.

121 Kounye a, èske w te tande moun ki di, "Si—si w kwè la a—gen yon gerisè Divin...Si w se yon gerisè Divin...Al chache gerisè Divin w la. M gen yon nonm malad la a. M ta renmen wè l geri l." Ou wè menm dyab sa? [Asanble a di: "Amèn." — Ed.] Li ap eseye fè antant avè w. Li ap eseye fè w koute l olye de Bondye. Men, yon vrè, vrè sèvitè Bondye ap koute epi wè sa Papa a di, an premye. Ou wè?

122 Tankou ti bebe Stadskev la, lè yo te mande pou mwen isit la. Epi Madan Stadskev te di, "Frè Branham, mwen te rele w depi Almay." Te gen lame Ameriken an, ak youn nan avyon jèt yo ki te sou teren an la a ki ta vwayaje ale tounen avè m nan Almay, nan yon jou. Li te yon omye. Epi ti bebe a te lonje la a, li mouri. Epi pòv manman sa a ki t ap rele byen fò, li di: "Tandel!" Li di: "Mwen konnen. Mwen te kanpe la epi mwen te wè dam sa a kenbe ti bebe a ki mouri a nan bra l, ki te mouri nan maten sa a. Mwen te wè Frè Branham soti la ba a, li te mete men sou ti bebe ki te mouri a, epi li te resisite." Li te di: "Sa a se pitit mwen an, Frè Branham." Pa t janm gen lanmò nan fanmi yo. Ou wè? Epi ti bagay sa a te tonbe malad yon maten epi li te mouri nan apremidi a. Men yo tout te kanpe la a, yo t'ap bay pwofesi ak lòt bagay, "Ti bebe a pral resisite" e tout bagay konsa.

123 Mwen te di, "Bon, sa byen bèl, Sè Stadskev. Men, kite m 'wè sa ke Papa a di." Mwen ale nan rakbwa. Apre sa, m te priye. M tounen antre; li te rele de oswa twa fwa anvan mwen te retounen nan denmen maten. Pa gen anyen. Doktè a di, "Dakò." Li te di: "Si se sa, si w gen lafwa konsa, madanm, nou pap janm kite tibebe a kite lopital la. Kite l kouche la a menm. Ret isit la avèk li. Se byen sa." Frè Stadskev te al, wè majò lame a. Yo di: "Sèten. N'ap mennen l ale, epi tounen avè l, nan avion."

124 Epi te gen yon avyon k ap tann, pou l pran m nan maten an epi mennen m tounen jou swa sa a, an Almay, nan Heidelberg, an Almay, pou rezirèksyon ti bebe sa a. Mwen te di, "Se vre wi, Bondye ka fè l, men ann wè kisa volonte Li ye."

125 Apre sa mwen te soti, m te lapriyè tout nwit lan. Pa gen anyen k te pase. Tounen nan denmen maten; anyen pa rive. Epi mwen te kòmanse antre nan chanm nan. La menm mwen te gade la a, epi gen limyè sa a ki te pandye la a nan pòt la. Li te di: "Pa mete men w nan sa a. Pa blame sa. Sa a se men Bondye a."

126 M rele l nan telefòn. M te di, "Sè Stadskev , antere tibebe w la. Se men Senyè a. Se volontè Bondye. Yon bagay ta rive ti bebe sa a nan pakou lavi li. Kite l ale toudwat kote se Bondye ki konn kote a. Ou ka ale kote l kounye a. Li vivan, ou pa ta kapab. Kite l jis konsa."

127 Gwo predikatè Literyen sa a nan Almay te ekri yon lèt epi li te di: "Kijan m ka apresye, ke, Frè Branham ki ret tann desizyon klè Bondye a, anvan li di kwakeseswa." Se sa. Rete ak desizyon Bondye. Kèlkeswa sa lòt moun di, oswa kèlkeswa sa l ye a, pa fè antant ak Satan, ditou.

128 Si Satan di, "Koulye a, batèm dlo, non 'Papa, Fis...'" Si ke, li menm fè pwopozisyon sou sa, kite l trankil. Bondye di otreman. Si l di, "Ou se yon bon gason, ou pa oblije... Ou se yon bon fanm, ou pa oblije fè..." Pa fè antant. Si Pawòl la di yon bagay diferan, ou rete ak Pawòl la kèlkeswa sa l ye a. Se egzanz Jezi ba ou a, epi gen gwo atak sa a, ou wè, ke l te fè sou Li.

129 Answit, dezyèm atak la. Mwen pral depeche m. Li jis sanble ke tan an ap file tèlman vit. Pwochen gwo atak, ke l te fè sou li, sèke li ta dwe fè remake L. E ki jan sa frape sèvite Bondye yo, yo dwe fè remake yo, pou yo montre sa yo kab fè. "Glwa pou Bondye! Alelouya! Mwen se yon liberatè! M se sesi." Ou wè? Ou wè?

130 "Monte la a, anlè tanp lan, epi chita la a." Li te tante L pou l fè sa. Koulye a, sonje, li te tante pou fè sa, sa te difisil. Li te di: "Koulye a, si w vle vin yon bagay devan moun yo, kanpe la a anwo tanp sa a, sote anba." Ou wè? "Mwen pral ba w yon ekriti pou sa, paske li ekri, 'Li ta bay zanj yo lòd sou ou, pou, nenpòt lè a, pye w pa frape kont yon wòch. Li ta pote w.'" Pou fè L yon demonstrasyon, pou montre otorite L.

131 Okenn vrè sèvitè Bondye pa janm fè sa. Ou wè yon nonm ap fè remake l, ap bonbe lestomak li, ak tout bagay konsa, jis sonje, gen yon bagay ki pa ale la a. Non. Bondye pa vle sa. Jezi te bay egzanz lan. Li te kab fè li. Li sètènman te kapab fè l, men li pa t fè l. Pa gen yon sèvitè Bondye ki se yon fè wè, pou Limenm, pou eseye pran pouvwa Bondye a epi met tèt li pi wo pase yon lòt moun.

132 Ou sonje Moyiz te fè sa? Ou sonje sa? [Asanble a di: "Amèn." — Ed.] Bondye ba l pouvwa pou l fè tout sa l vle; Li te fè l yon pwofèt. Li desann sou Wòch sa a, epi li frape Wòch la yon dezyèm fwa. Sa te kont volontè Bondye. Bondye di: "Pale ak Wòch sa a. Pa frape l ankò. Ou brize tout-tout-tip la a. Wòch la ta pral frape sèlman yon sèl fwa." Men li te pale de feblès Pawòl la lè li te fè sa; Sa pa t ase. Wi. Pawòl la se sa k t ap pase. Wòch sa a se te Pawòl la. Ou wè?

133 Limenm, premye fwa, li frape Wòch la epi dlo yo soti. Apre sa, yo te swaf ankò. Li di: - Koulye a, tounen al pale ak Wòch la. Li te sèlman frape yon fwa. Ou wè? Moyiz te temwaye konsènan "Ensifizans Pawòl la". "Pawòl la pa t egzak; Li te dwe frape ankò."

134 Konsa Moyiz te al anba a, li te frape Wòch la konsa, li di: "Soti!" Li pa soti, li frape l ankò, epi li di: "Soti! Mwen kòmande w pou soti." Epi dlo a vini.

135 Bondye te di, “. Vini isit. Ou te glorifye tèt ou. Ou pran pouvwa mwen; olye pou sanktifye M, ou sanktifye tèt ou. Koulye a, ou pa pral antre nan peyi a. Gade byen, gade sa I te sanble; men, la a, ou pral kite isit la menm.” Oh, lala! Pa janm gen youn tankou Moyiz, ou konnen. Non, non.

136 Lè I kesyon de fè wè sa a ak Jezi, li te di, "Monte anlè tanp lan epi sote."

137 Li te di: "Li te ekri," amèn, "Pa tante Senyè Bondye w la." Ou wè? Li te rankontre I 'ak Pawòl la, nan sa a, epi nan chak gwo atak.

138 Okenn vrè sèvitè pa janm eseye fè remake I, avèk—ak pouvwa Bondye. S' il fè I, alòs li pèdi la menm.

139 Twazyèm gwo atak, Satan te ofri pou li sede L wayòm sa a. Li te fè sa. Satan te di, "Ou wè wayòm sa yo nan monn nan? Sa yo se pou mwen. Mwen fè tou sa m vle ak yo. M'ap lage yo nan men W." Men, ou sonje, li t ap eseye fè I abandone I san kwa a. Si li te fè sa, nou t ap pèdi. Li te kab pran wayòm nan. Men, li dwe swiv... Li dwe tounen. Li te tante fè I, kounye a. Lanmò se yon bagay difisil. Li te tante pou I pran libète I e pou I vin Wa sou tè a, san kwa a. Men, si I te fè sa, moun li yo t ap mouri. Satan t ap byen kontan fè antant sa a avè I. Men, li te di: "wete w devan m, Satan." Li pa t fè I.

140 Li vini e L te souffri, li te pran wout difisil la. Li te pran wout pèsekisyon an. Li te pran wout lanmò a. Èske nou, maten an, vle fè I, pran menm wout li te pran an? Èske nou vle mouri? Èske nou vle lage n bay Bondye, pèdi tout mond lan ak tout bagay yo, pou nou sèvi L? Ou wè?

141 Kounye a, li te echwe pou fè sa. Volontèman pou—pou pèdi li, Satan te vle, Ba Li I. Men, li pa t fè sa. Menmsi Jezi te tante, li te genyen batay la pou nou. Li—Li te andire tout tantasyon pou mwen ak ou. Ou wè? Li te kab pran I la menm lè sa a. Men, pou kisa li te pran lòt wout la? Pou nou te kapab vini, rete avèk Li. Men, si li te peye yon tèl pri tankou sa a, alòs konbyen nou ta initil pou nou pa ta pran I? Alòs ke, sonje, pa gen anyen la a, kanmenm.

142 Si w ta viv santan, a kisa ou t ap abouti? Mantal ou, ak panse w pati ale, ou tou enfim, granmoun ap tranble. Se la w ap dirije w, e se lafen. Ou rive kounye a, gen viktwa sou bagay la. Kouman ou te fè sa? Pa Pawòl la. Sa Pawòl la di, ou fè I. Ap mache enb. Ap viv devan Jezi.

143 Li te andire tout bagay pou oumenm avè m. Li se egzanp nou jan pou venk movèz jenerasyon nou an, tankou Li te venk movèz jenerasyon pa L la.

144 Sonje, kan Li te vini sou tè a, te gen jis otan enkredilite, ou plis, ke nenpòt lè a. Sa pa t deranje L on tikras. Lè yo te rele L demon olye de Bondye, lè yo te rele L tout sa ki te posib, sa pa t deranje L on tikras. Li te gen on sèl objektif: "Okipe L de zafè Papa a. Gade Pawòl la." Pawòl la se Bondye. Li te gen yon sèl panse.

145 Pafwa nou tante retounen dèyè. Anpil lan nou, te tante retounen nan denominasyon, retounen pou pran plas, paske tout mond lan ap di, “Ki denominasyon ou fè pati?” Nou tante pou fè sa; nou tout. Sè nou yo tante pou retounen, retounen pou fè pati de rès legliz yo, nan Asanble yo, legliz de Dye yo, oswa kèk nan yo; pou toujou rete Pannkotis, pèmèt cheve w koupe, epi abiye jis apeprè nenpòt jan w vle. Ou wè? Nou tante pou fè sa, retounen pou nou popilè avèk jenerasyon mechan sa ke n ap viv avèk li a.

Alòske, sa a se peche majè nan jou pa nou yo. Se peche majè pami moun nou yo, mondanite, tankou Bib la di ke Lawodi-...Aj Lawodise a te ye. Li monden, “Rich, pa bezwen anyen; san l pa konnen ke li toutouni, mizerab, pechè, avèg.” Sa se peche tan nou an. Lè nou tandè Pawòl Bondye a ap kriye kont sa, alò nou pran lòt wout la, nou pa popilè pou mond lan. Nou tante pou retounen dèyè.

146 Mwen konnen. Nou kontinye ap di m. Mwen konnen ke n ap di, “Tout tan san rete.” Mwen konnen nou fatigue avè m k ap pike bagay sa yo. Mwen fatigue ap gade w ap fè l, tou, se vre, peche sa ke m ap eseye di w konsènan sa. Ou ap di, “Poukisa w ap pike sa?” Sispann fè sa, alò. M ap eseye sove vi w, ak Pawòl la. Mwen fatigue, tou. Kifè, jis ramase w. Sa se peche, sa pa dwe fèt. Wi, mesye.

147 Nou dwe venk bagay sa yo. Nou atann nou pou yo tante nou, mond lan. “Si w renmen mond lan, bagay mond lan, lanmou Bondye pa nan ou,” Jezi di sa.

148 Kounye a n ap jis fini, pou ap di sa. Genyen on rekonpans pou venkè a.

149 Kite m li on bagay la pou ou. Pran Bib ou. Annou retounen nan Apokalips, chapit twa a, chapit de a. Obsève la kounye a, tout bagay sa yo ke m t ap pale de yo, pou w venk lan. Bon fè jis gade tèt ou pou wè. Egzamine tèt pa w nan miwa espiryèl la, gade pou wè si w te gen viktwa.

150 Kounye a, premye mesaj, pou—pou anj Efèz la, mwen vle w tandè sa L te di. Apokalips, chapit 2 a, vèsè 7. Sa se pou aj legliz sa, lè Li te di yo tout sa yo t ap fè, “Kite premye lanmou yo.” vèsè 7 la:

Sila ki gen zòrèy, ke l tandè sa ke Lespri di legliz yo; Sila (moun lan, pa legliz)...Sila ki gen viktwa—viktwa M ap pèmèt li manje nan pyebwa lavi a, ki nan mitan paradi Bondye a.

Ou wè? Venkè yo nan Efèz.

151 Bon, pwochen an se te Esmi. Kounye a, pou venkè yo nan sa, nou te tandè sa a. Kounye a, vèsè 11 lan.

Pou *sila*—*sila ki gen zòrèy, ke I tandè sa Lespri di legliz yo; Sila ki gen vikwa pap frapè dezyèm lanmò a pap frapè I;*

Ou wè? Yo te venk li.

152 Kounye a, sa, bon gade Pègam, nou pral jwenn kisa venkè yo te kite pou li, nan sa a. N ap li vèsè 17 la, pou legliz Pègam lan.

Sila ki gen zòrèy,...

Sa, sa se endividi a, pa tout gwoup la. endividi an, sa se Lepouz k ap soti a, ou wè, Legliz la.

Sila ki gen zòrèy, ke I tandè sa Lespri di legliz yo; Sila ki gen vikwa M ap pèmèt li manje mèn kache a, e M va ba li yon wòch blanch, e sou wòch sa yon nouvo non ekri, ke pèsonn pa konnen sòf sila ki resevwa I.

Sa se pou venkè, aj la.

153 Bon, pwochen an se Tiyati. Annou wè kisa venkè a te genyen nan jou sa. Annou pran vèsè 26 la.

E sila ki gen vikwa, e ki gade zèw mwen yo jiska lafen, a sila M ap bay pouvwa a sou nasyon yo: (Se kòrèk.)

E...li va dirije yo avèk yon baton fè; jan yo konn brize ajil potye a: menm jan Papa a te pèmèt Mwen.

Ou wè, “Avèk Li, nan twòn Li.” Kris va gouvène nasyon yo, avèk yon baton fè. E men Legliz ki gen vikwa, “Tabli anndan la, avèk Li, pou brize nasyon yo avèk yon baton fè.”

154 Kounye a annou pran sa ki legliz Sad yo. Bon vèsè 5 chapit 3 a.

Sila ki gen vikwa, menm sila va abiye ak rad blan; e Mwen pap efase non I nan liv lavi a, men Mwen va konfese non I devan Papa m, e devan zanj ki sen yo.

Sa se pou venkè Sad yo.

155 Bon, annou pran kounye a vèsè 12 la. Bon, sa a se pou legliz—legliz Filadèlfi, nan vèsè 12 la.

Sila ki gen vikwa Mwen va rann li yon kolòn nan tanp Bondye M nan, pou I pa deplase: e Mwen va ekri sou li non pa m, non Bondye m nan, e non vil Bondye m nan, ki se

nouvèl Jerizalèm lan, k ap desann soti nan syèl kote...Bondye: e Mwen va ekri sou li nouvo non mwen.

156 Obsève sa yo pwomèt venkè a. Ou wè?

Bon, kounye a Lawodise, sa se dènye aj legliz la. Pral gen kèk venkè la. obsève isit la. Sonje, chak aj legliz, sila ki vin anvan I lan erite tout sa lòt yo te ofri. Obsève la. Bon, la, se apre yo te fin resevwa tout pouvwa sa yo, nouvo non sa yo, ak tout sa ki ekri, ke Li te pwomèt, pou ap manje mèn kache a, ak tout bagay ap desann. Obsève dènye aj legliz sa, Apokalips 3:21.

Sila ki gen vikwa M ap pèmèt li chita avèk mwen nan twòn mwen, (amèn), menm jan Mwenmen tou Mwen te gen vikwa, e Mwen te chita avèk Papa m nan twòn pa L.

Sila ki gen zòrèy, ke I tande sa Lespri di legliz yo.

157 Gen rekonpans pou venkè. Ankouraje, flè lis. Si sa nan ou, mete de kote labou ak tout lòt bagay, pou ap depeche w ale anwo nèt. Wi, mesye. “Pou chita avè M sou twòn pa M.”

158 Ou konnen, on fwa, manman Jak ak Jan...Nou pap gen tan pou li l. Manman Jak ak Jan te vin mande plas sa a. Ou te konn sa? Ou sonje sa? “Seyè, pèmèt on pitit gason m chita on kote, e lòt la lòt kote a.” Men dezi yon manman pou pitit gason l.

Men obsève. Men, Jezi te reponn, “Plas sa,” “te predestine.” Pozisyon sa potko egziste nan moman sa. Poukisa? Remake. “Sa va bay a sila yo ki te fèt pou sa.” Kisa? Sila k ap chita adwat, epi lòt la k ap pi pre L la, potko on venkè ankò. Ou wè? Sa te ankò...Li te reponn, “Se pa Mwen—Mwen ki deside sa. Mwen paka deside sa, men sa ap distribye apre eprèv la fini.” Amèn. Ou wè? “M paka deside sa. Men apre eprèv la fini, genyen ki va chita adwat epi agoch. Gen yon semans predestine k ap tann byen lwen pou sa. Yo va bay sa a sila ke yo te pwomèt li a. Se lè sa a sa va deside, men tès la poko vini ankò; konsa, li poko gen vikwa ankò.” Ou wè?

159 Moun ki te dwe pran plas sa yon kote, epi yon lòt pou pran lòt kote a, toupre L nan Wayòm lan, sa potko deside, ou wè, potko gen vikwa. Tès la potko tonbe ankò. “Sa ta pral tonbe a lavni.”

“Si nou soufri pou Kris ak Pawòl Li, nou va reye avèk Li, paske Li se Pawòl la.” Sonje, “Si nou soufri pou Li ak Pawòl Li, nou va reye avèk Li, nan Pawòl Li.”

160 Remake. Li, Egzanp nou, te venk, e apre sa te monte anwo, apre Li te konkeri lanmò, lanfè, maladi, tonbo. Li te konkeri, tout bagay. “Alò Li te monte anwo, e li te rann kaptivite

kaptif, li te bay lèzòm don.” Sa se te Ansyen Testaman an, avèk sen Ansyen Testaman yo ki te venk. Yo t ap chache yon tèl Moun, e yo te mouri anvan ke Sa te vin la. Men kan Moun sa a te vini, “Sa pa t deranje sa yo ki te andòmi.” Amèn. Ou paka pèdi, de tout fason. Vivan ou mò, ki diferans sa fè? “Sa pap nwi.” Ou wè? Yo t ap tann sa.

161 Menm Jòb anvan la, li t ap chache sa. Li te di, “Mwen konnen ke Redanmtè m nan vivan, e nan dènye jou yo Li va demere sou tè a.” Men yon nonm jis, yon nonm pafè. Li te ofri sakrifis. Li te fè tout bagay ke Bondye te di l fè. Li te fè l avèk reverans e respè. Li te yon pwofèt. E alò Satan te vini, pou tante l. (Menm jan li vini pou tante w.) Kisa l te fè? Li te kontinye kenbe la fèm.

Madanm li te menm soti, e l te di, “Pouki w pa modi Bondye epi mouri mouri w? Ou sitèlman mizerab pou w rete la.”

162 Li te reponn, “Ou pale tankou yon fanm fòl.” Li te di, “Seyè a te bay, Seyè a te reprann; ke Non Seyè a beni.” Li te venk.

163 Li te venk sa vwazen yo te gen pou di. Li te venk sa tout manm legliz yo, Bildad ak yo tout, te gen pou di. Li te venk evèk ak sa l te gen pou di. Li te venk kadinal ak sa l te gen pou di. Li te venk denominasyon, sa yo te gen pou di. E li te rete ak jistifikasyon Pawòl la. Amèn. Poutan, sa te koute l tout sa l te genyen, menm timoun li yo. Li te konn grate ilsè l yo ak yon pyès bwa ki te gen kwòk, plase sou li, e kanmenm li te venk. E kan finalman li te reyisi gran moman tantasyon an, alò nyaj yo te wete kò yo.

164 Li te konsidere tout bagay ki rezonab. Li te di, “Genyen espwa pou yon pyebwa si l mouri; l ap reviv ankò. Yon semans tonbe nan tè, li pouri; li reviv ankò. Men lòm etann atè pou l rann lespri l; li disparèt. E timoun li yo vini, pitit gason li, pou onore e pou yo fè dèy sou li; li pa menm rann li kont. Li pa leve ankò. O, men li. Sa k pase? Mwen se yon semans, tou. Mwen se kichòy, ki se yon semans, e mwen va al nan tè. Mwen paka resisite ankò. Mwen va etann la. O, kache m nan tonbo a, gade m nan lye sekrè a, jiskaske kòlè W fin pase. Ban m yon tan epi jije m. Pandan ke wòch yo te abimen, dlo yo te abimen woche a.” O, li te kontinye, ap di tout bagay sa yo. Li te ka wè tout egzanp sa yo ekspoze la, kisa sa te ye. O, li jis patka wè l.

165 Epi, Sè Rogers, ou sonje lè m te preche sa nan fineray Busty a. Ou wè?

166 Kouman, ke, “Li te konn abime woche a,” fason bagay sa yo. “Oo, O Oumenm, kache m nan tonbo a, epi kenbe m nan lye sekrè a.” Li t ap pran kouraj. Li te di, “Mwen swete ke mwen te konnen. Mwen swete m te konnen ki kote m te ka ale, jwenn yon Nonm ki te ka mete men l sou mwen, yon pechè, e sou yon Bondye sen, pou pale avè l pou mwen.” O, la la! “Li La. Mwen konnen Li La. Gen yon Moun La ki ka fè sa. Gen Yon Moun kèkpa. Ki kote m ka jwenn

Moun sa? Ki kote m ka jwenn Li? Mwen ta frape nan pòt Li pou pale avè L. Si Yon Moun te ka sèlman mete men L sou mwen, e sou Bondye, epi—epi etabli yon pon pou mwen, pou pale! Si mwen te ka sèlman jwenn Moun sa! O, ki kote Li ye?”

167 Li t ap chache atravè legliz li. Li t ap chache atravè òganizasyon li. Li pa t ka jwenn yon tèl Moun.

168 E toudenkou, nyaj yo te rekile, e li te wè Moun sa k ap vini. O! Vye kè li te bat ak lajwa. Alò yon bagay te rive. “Mwen konnen Redanmtè m nan vivan. Genyen yon tèl Moun.” Amèn. Gen ankò yon tèl Moun. “Mwen konnen Redanmtè m nan vivan. E menm si apre, vè ta detwi po kò sa, malgretou nan chè mwen m ap wè Bondye, Ke m ap wè pou tèt pa m. L ap demere sou tè a nan dènye jou a.”

169 Jou maten Pak sa, kan L te resisite laba, e kò Jòb pa t plis ke yon kiyè sann, li t ap tann. Li te Gwoup eli sa. Li te resisite sot nan tonbo e Li te antre nan vil la, avèk Abraham, Izarak, Jakòb, Jòb. O, la la! Amèn. Poutèt, yo t ap chache yon tèl Moun.

170 “E pou sila yo K ap chache Kris dezyèm fwa a,” ki ka venk bagay mond sa, pa gras Li, vini nan Li, epi fèmen jye w a tout lòt bagay eksepte Li ak Pawòl Li, “Li va parèt dezyèm fwa a nan Laglwa.”

“Paske twonpèt Bondye a va sonnen, mò an Kris yo va resisite; sila ki va vivan e ki va rete va chanje, nan yon moman, nan yon batman jye, ap monte ansanm, pou rankontre L anlè a.”

171 Ke m se yon kiyè sann, ke m vivan kan L ap vini, sa pa fè okenn diferans pou mwen. Amèn. Sa pa gen enpòtans, paske mwen te sezi vizyon an. Vwal la te leve, e mwen te wè Li. Youn ki ka pran pozisyon, pou mete men L sou mwen, yon pechè, e sou yon Bondye sen. Li se sakrifis mwen. Li se Pawòl mwen pran pozisyon pou Li a. “Nan kòmansman Pawòl la te la.” E tout lòt teren se sab mouvan. Tout lòt teren se sab mouvan.

172 Pandan Li t ap mete men sou sila ki t ap chache sa, menm jan an Li va vin jwenn chak sen Nouvo Testaman ki venk chak kritik denominasyon, ki te toujou venk tout peche popilè jou sa a, aj sa ke n ap viv ladann kounye a, jan L te fè nan tout lòt aj legliz yo, sila ki te venk nan aj legliz sa. Sila ki te venk kisa? “Mwen rich. Mwen pa bezwen anyen. Mwen gen...O, mwen se tout *sesi* ak tout *se/a*. Epi mwen se Lepouz. Mwen se *sesi*. Mwen pa bezwen anyen.’ E ou pa konnen ke ou toutouni, avèg.”

173 Ou wè aj twonpè sa ke m te pale a? Se pa tankou sa yo ke yo te koupe tèt yo a, lontan yo, pou yo te resevwa wòch blanch sa; se pa sa yo ki te mouri anba mati, ke yo te boule sou

biche, ak bagay konsa; ki te genyen kouwòn lan. Men se aj twonpè sa kounye a, ki panse ke yo se tout bagay. “Ebyen, mwen se manm legliz. Mwen se yon bon gason. Mwen se yon bon fanm. Mwen fè sesi. Mwen pa oblije fè *Sela*.”

174 “Men sila ki gen vikwa a,” sila ki venk tout bagay monden aj sa, kisa y ap fè? Yo tout va chita avè L nan twòn Li; yo va ale nan Anlèyman kan L va vini. O, la la! Pouki pou m sousye m, alò? Poukisa n ap konsidere sa mond lan ap di? Poukisa n ap konsidere sa nenpòt lòt moun ap di? Gran Sentespri a pami nou. Kolòn Dife Li ap dirije epi gide nou. Pawòl Li ap konfime devan nou. Lanmou Li nan kè nou. Mond lan dèyè nou. Nou pase de lanmò a Lavi. Mond lan panse ke ou fou.

Men èske Jezi dwe pote kwa sa tou sèl,

Pou tout mond lan ka ale lib?

Gen yon kwa pou chak moun,

E gen yon kwa pou mwen.

175 Tranntwa lane nan chan an, e kwa konsakre sa m ap pote l jiskaske lanmò va libere m.

176 Ke frè m yo rejte m, di kèlkeswa sa yo vle, kisa ki rejte m. Men sou Pawòl sa mwen kanpe, e sou Sa sèlman.

Kwa konsakre sa m ap pote l,

Jiskaske lanmò va libere m,

E lè sa ale Lakay, nan Anlèyman, pou pote yon kouwòn.

177 Se sa nou tout vle, se pa vre? Se sa nou vle. Se esperans nou—e se pou sa n ap plede. Nou pa gen lòt panse, ke sa ki sou Jezikri a. E sou jistis Li nou kanpe, sèlman, e jistis Li nan Pawòl Li. “E Pawòl la te fè L chè e li te abite pami nou.” E Pawòl la toujou ap konfime Tèt Li.

178 Gen vikwa kouman? Ak pran Pawòl la, pwomès la, nan imilite, ap mache enb.

Kwa konsakre sa m ap pote,

Jiskaske lanmò va libere m,

Lè sa al Lakay, pou pote yon kouwòn.

179 Paske, “Lè Twonpèt sa va sonnen!” Ou ka antere m nan lanmè, men Twonpèt la va reveye m. Kòrèk. Mwen pral Lakay, yon jou. Amèn. Jouk moman sa, m ap debat, amèn, ap pote kwa

sa; ap gade jye m pa sou moun, men sou Kalvè byen lwen, paske Li te egzanp mwen. Li te montre kouman pou fè l. E egzanp Li an, n ap swiv li avèk jwa, jou apre jou.

M ap swiv Jezi chak etap chemen an.

M ap swiv Jezi chak etap chemen an.

180 Èske w pa renmen sa? O, ala m t ap panse, swiv Li, jou apre jou, chak etap chemen an.

Annou priye.

181 Seyè Jezi, inè kenz minit kounye a, kanpe la, ap eseye pran Pawòl Ou pou ap eksplike moun yo kouman pou yo gen vikwa. Ou te di nou kouman sa fèt. Ou pa t sèlman di nou, men Ou te montre kouman sa te fèt. Ou te kondwi nou. Ou te montre nou kouman pou fè l: resevwa Pawòl la anndan nou, epi asire nou ke nou akwoche ak Pawòl sa, “Sa te ekri,” nan chak tantasyon; men pou rete enb, mache enb. Alò, nou fè konkèt la, atravè Ou, atravè pwisans Ou ki te deja konkeri enmi nou an. E sèl bagay nou gen pou fè se—se jis mache enb avèk fwa, pou ap kwè Sa, e badj idantifikasyon Sentespri a, e Satan dwe bouje.

182 Gen mouchwa ki etann la. Yo reprezante moun malad. Yo nan bezwen, Seyè. E yo te li nan Pawòl enfayib sa kote yo te pran sot sou kò Sen Pòl mouchwa ak ti moso twal. Yo te konn poze yo sou moun malad. Movèz espri te soti kite yo, e gwo mirak te fèt. Kounye a, Ou se menm Seyè Jezi jodi a.

183 Pòl te preche Pawòl sa, e li te ekri Pawòl sa, menm Pawòl n ap eseye swiv la. Paske, li te pran Ansyen Testaman an e li te aplike l, pou montre ke se te yon tip, ke tout Ansyen Testaman an se te yon tip pafè Nouvo a. O Seyè, ke nou swiv egzanp sa.

184 Nou wè Seyè pa nou an, kisa L te fè. E nou reyalize ke, sen Ansyen Testaman sa yo, jou maten sa, nou dekouvri yo te pati ale. Kan Jezi te resisite, yo te ale avè L. E, Seyè, nou kwè ke nou prale kan Li va sonnen Twonpèt la. Nou kwè sa, ke Lepouz va avanse Jou sa e nou va jwenn nou avèk gwoup Ebre yo—yo, e, ansanm, va gen yon Soupe Nòs nan Laglwa. Sila yo ap tann.

Nou priye kounye a pou mizèrikòd ak gras Ou vin sou nou. Venkè, Seyè, venkè, nou gen dezi brilan pou vin sa. Venk nou. Seyè Jezi, Ou te venk lemond. Kounye a mwen priye ke Ou va pèmèt chak moun isi a, maten an, “Depoze chak peche de kote, mete de kote chay sa ki anvayi nou si fasilman, pou nou kouri kous ki devan nou an avèk pasyans.”

185 Pòl te di sa, Papa nou nan Syèl la, laba nan Liv Ebre yo, ke, “Nou dwe mete de kote tout chay,” nan chapit 12 sa, li te pwononse sa, apre l te deja montre avèk egzanp, laba: sila yo ki

te avanse; sila yo ki pa t avanse; sila yo ki t ap swiv de fason tyèd; sila yo ki te pran devan ap swiv; sila yo ki t ap trennen dèyè. Yo tout, li te montre egzanzp. Apre sa li te retounen pou di, “Annou mete de kote tout fado, tout ti bagay piti ki anvayi nou, pou nou ka kouri kous ki devan nou an avèk pasyans; pou ap gade L, Otè e Finisè Fwa nou, Ki te bannou egzanzp.” N ap fè sa maten an. Papa.

186 Kounye a, ak tèt nou bese, verifye vrèman, seryezman. Epi, alò, ke w ka vrèman sensè an pwofondè. Se jis—se jis pran...Se tout sa ke sa pran: verifikasyon w ak senserite w. Fè vrèman atansyon pandan w ap verifye kounye a. “Sonde m, Seyè. Mete m a leprèv. Èske gen yon demon nan mwen? Si genyen, Seyè, kite m depoze l atè, drèt la kounye a. Plas sa, kote mwen ye ak tèt mwen bese, se lotèl Ou. Mwen depoze l, drèt la kounye a, mwen mete pye sou li. Kan mwen va pati ale, sa pral rete la. Pwisans San Ou va boule li. Mwen vle yon venkè. Mwen gen yon bagay k ap trakase m, Seyè. Mwen vle venk, maten an. Mwen kapab, pa Oumenm. Yo te di m sa, pa Pawòl Ou. Mwen depoze l kounye a, Seyè, e mwen mete pye m sou li. Pandan m ap kite bilding sa maten an, ap prale, pou konnen ke sa te depoze nan basen klowòks Bondye a. Yo pap janm sonje l ankò. M ap konfese l kounye a epi mande mizèrikòd.”

187 Ak tèt nou bese, jye nou fèmen; kè nou ap panse, sa se pòt pou nanm lan, ou konnen. Èske gen yon bagay ou vle mete de kote maten an, yon bagay ou vle venk? E ou te eseye ak tout fòs, men, maten an, ou jis pral sispann eseye. Ou jis pral aksepte sa Li te fè. Mwen vle ke ou jis leve men w, di, “Seyè, mwen vle venk. Gen yon bagay kèlkonk k ap trakase m.”

188 Seyè Jezi, Ou wè men sa yo. Bon, antan ke sèvitè Ou, ki kanpe ant vivan e mò yo, mwen kondane tout bagay ki ap trakase moun sa yo ak mwenmenm. E mwen mande l lan Non Jezikri, nou ka kite l etann la sou lotèl Bondye a, pou pati maten an, lib, antan ke venkè.

189 Si sè n yo pa t gen gras anvan, ke sa kapab akòde kounye a, Seyè. Si frè n yo pa t gen gras, ke sa kapab akòde kounye a. E pèmèt, nan imilite, manman ak timoun, olye pou yo arogan. Manzè konnen li kanpe...Li se yon predikatè pou timoun piti sa yo. Vi li se yon egzanzp. Papa se yon egzanzp pou manman, paske li se tèt fwaye a. Manman an t ap eseye vin bòs li; li pap janm fè sa ankò. Si l te konn itilize l tankou yon tapi atè, sa pap janm fèt ankò. Manzè se yon èd. Akòde l, Seyè. Pèmèt ke tout bagay sa yo k ap nwi nou, Seyè, kapab al fè wout yo.

190 Nou—nou ap konsakre tèt nou, Papa, pou tan lavi ke nou gen devan nou, konsyan de sa, ke nou dwe rive nan fen li, e se touswit. Kifè, maten an, nou sezi okazyon sa, apre Mesaj sa. Nou sezi okazyon an, Seyè, pou vini, paske yo te mande nou pou nou vini. “Jete sousi w yo sou Li, paske Li sousye L de ou.” Mwen konnen Ou sousye W, Seyè. Ou te sousye ase pou

W te mouri pou nou. Epi se sèten nou kapab sousye nou ase pou vini e aksepte sa W te mouri pou li a.

191 Sanktifye nou, Seyè. Ranpli nou a nouvo avèk Sentespri a. Ke Sentespri a jis reye nan kè nou, de fason siprèm, pou nou ka mache, ap bliye bagay ki te pase, labou ak salte ke nou t ap viv yon fwa ladann. N ap dirije nou nan direksyon gran apèl la, kote Limyè nou ka tèlman ap briye nan dousè ak imilite, jouk chak pasan ka di, “Gen yon Kretyen k ap viv la sou tèt kolin sa. Moun sa, fanm sa, nonm sa, se yon vrè flè Bondye ki konsakre. Yo sitèlman dou e janti, toujou emab epi dous, ak konpreyansyon.” Akòde I, Papa. Ke nou kapab sale, pou ke tè a ka swaf; akòde I, Papa; pou nou venk bagay mond sa, ak sousi vi sa. Lan Non Jezikri. Amèn.

M ka...

Bon annou jis leve men nou.

...Sovè...

Ap rele kisa? “Vini, soti nan labou.” Yon Vi pi elve; Yon bagay ki nan ou, k ap tire w nan direksyon sa. Kisa sa ye? Se Limenm. Anba nan labou a, ti flè yo; ou jwenn Lavi ladann, k ap fè presyon sou ou. Se sa k ap rele w, “Vini, soti nan labou a.”

192 Kounye a, èske w serye? Bon fèmen je w.

Kote L kondwi m m ap swiv,

Kounye a abandone w. Vin serye, kounye a.

Kote L kondwi m m ap swiv,

Kote L kondwi m m ap swiv,

M prale avè L, avè L, jisko bou

Kote L kondwi mwen m...

Jis dousman kounye a. Sonje, etann tèt ou la.

...Li kondwi...

“M ap etann li la, Seyè. Mwen pral swiv Ou, apati de kounye a. Mwen aksepte L. Mwen kwè L.”

Kote L kondwi...

Sonje, vi w ap temwaye pi fò ke bouch ou. Sa w ap viv ap pwouve pou moun yo plis ke sa w ap di.

Ale avè L, avè L, (O bou...Ki kote?) jisko bou.

193 Jis konsakre tèt ou, an pwofondè, sensèman, tout kè w. Sa k t ap rive si sa se t ap dènye fwa ou t ap janm genyen pou priye? Se petèt sa. Alò, ke w sèten kounye a, vrèman sèten, vrèman asire w. Sonje, pòt la va fèmen, yon jou, alò sa va fini. “Mande, ou va resevwa.”

194 Jis panse a tout glwa Li te ofri pou ou, tout sa Li te fè. “Mwen kwè, Seyè. Mwen kwè. Mwen kwè Ou se venkè mwen. Mwen jis ap mache avè W, Seyè. Mwen vle rete pwòch Ou, pou ke kote Ou ye, se la mwen vle ye.”

195 E sonje, Ou te di nou, Papa, ke, “Nou t ap avèk Seyè a pou tout tan, kan yo va pran nou pou monte.” Nou jis gen yon—yon apèsi de Li kounye a, pandan L ap mache avè nou kounye a. Men alò nou va...Ala yon gwo bagay sa ye, jis pou konnen ke Li nan—nan mitan nou! Kisa sa va ye lè nou va avèk Li pou tout tan? Nou sitèlman renmen tout aktivite nou yo: nou ka al fè kous nan machin; nou ka al magazin; nou ka al lachas, alapèch, oswa pe enpòt sa nou kapab fè pou plezi. Men, o, lè legliz louvri, nou vle rankonre Seyè nou an. Sa se bagay ki pi gran an. Alò, panse, Li te pwomèt nou. “E pou tout tan avèk Seyè a. Chita avèk Li nan twòn Li, pou avèk Li pou tout tan.” O Bondye, avèk imilite, ak—ak tèt nou bese, nou aksepte l, Seyè, lan Non Jezikri.

196 Èske w santi w ka jis kite, kounye a, tout bagay, tout fado? Ou jis ka mache sou yo, sou yo kounye a? Si w kapab, leve men w, di, “Ak gras Bondye m ap depoze eprèw sa atè. Mwen pap konbat li, ankò. M pral jis kenbe men L fò, kòmanse ap mache.”

“Mwen te konbat, Frè Branham. M te eseye kite fimèn. Mwen—mwen te eseye kite cheve m poue. Mwen te eseye fè sesi. Mwen te fè...Mwen te eseye, sitèlman fò, Frè Branham. Mwen jis paka fè l.”

Piga w ap eseye, ankò. Jis kenbe men L fò, di, “Papa, mete men m nan manch lan.” Ou wè? “Mwen jis pral ba W men mwen. Mwen pral mache, Seyè, pou ap gade W.” Sa va rive. Li va abiye w tankou yon vrè Kretyen. Ou va yon vrè Kretyen.

197 Jiskaske m wè w, aswè a, Bondye renmen w e Bondye avèk ou. Nou se pitit mwen nan Levanjil. Nou se rachte yo.

Kounye a mwen retounen pastè w, ba ou, pou fini sèvis la, Frè Neville...?...